**ÓZBEKİSTAN RESPUBLİKASI JOQARI HÁM ORTA ARNAWLI BİLİMLENDİRİW MİNİSTRLİGİ**

**ÁJİNİYAZ ATINDAǴI NÓKİS MÁMLEKETLİK PEDAGOGİKALIQ İNSTİTUTI**

**4-a-kurs «Tariyx oqıtıw metodikası» bakalavr tálim baǵdarı**

**Bazarbaev Nursultan Aitjanovich**

**«QARAQALPAQSTAN TARIYXIN OQITIWDA XIX ÁSIR AQIRI XX ÁSIR BASLARINDA QARAQALPAQ SHAYIRLARINIŃ SHIǴARMALARINIŃ ÁHMIYETI (ANNAQUL SHAYIR SHIǴARMALARI MISALINDA)»**

# PİTKERİW QÁNİYGELİK JUMISI

**İlimiy basshı:** **t.i.k., prof. M.Tleumuratov**

Nókis-2019

**Mazmunı:**

**Kirisiw** .......................................... 3

**I bap. Qaraqalpaq xalıq shayırları shıǵarmaların tariyxıy derek sıpatında úyreniw** ..................... 6

1.1. Qaraqalpaq xalıq shayırları shıǵarmaların tariyxıy derek sıpatında úyreniw máseleleri................ 6

1.2. Qaraqalpaq xalıq shayırları shıǵarmalarında xalıqtıń ruwxıy turmısınıń sáwleleniwi........................... 12

**II bap. Annaqul shayır shıǵarmalarında qaraqalpaq xalqınıń sociallıq turmısınıń sáwleleniwi.**.......................... 32

2.1. Annaqul shayırdıń ómiri hám dóretiwshiligi....... 32

2.2. Annaqul shayır shıǵarmaları - tariyxıy derek sıpatında...... 40

**III bap. Qaraqalpaqstan tariyxın oqıtıwda XIX ásir aqırı XX ásir baslarında qaraqalpaq shayırlarınıń shıǵarmalarınıń áhmiyeti.**........................................ 62

3.1. Tariyx pánin oqitiwda qaraqalpaq shayırlarınıń shıǵarmalarınan paydalanıwdıń áhmiyeti....... 62

**Juwmaqlaw.**........................................ 69

**Paydalanılǵan ádebiyatlar.**.......................... 71

**Qosımshalar.** Ózbekstan Respublikası Ilimler Akademiyası Qaraqalpaqstan bólimi fundamental kitapxanasındaǵı qol jazba fondınan Annaqul shayırdıń dóretiwshiligi boyınsha maǵlıwmatlar.......................................... 73

# KIRISIW

**Temanıń aktuallıǵı:** Ózbekstan Respublikası óz ǵárezsizligine eriskennen keyin barlıq tarawdaǵı sıyaqlı ilimler tarawında da úlken jańalıqlar júz berdi. İ.A.Karimov ǵárezsiz rawajlanıw jolınıń atqarıwshısı hám alıp barıwshısı sıpatında tariyx ilimi, onıń búgini arqalı, keshegi hám erteńgi kúnin tereń analiz jasap, bul baǵdarda tariyxshı alımlar aldına bir qatar wazıypalardı qoydı.

Házirgi jámiyetlik pánler sonıń ishinde tariyx páni aldındaǵı eń áhmiyetli másele miliy ózlikti ańlaw, milliy qádiriyatlardı tiklew, tariyxımızdı mádeniyatımızdı qaytadan úyreniw, jańa óz tariyxına jańa kóz qarastı qáliplestiriwge qaratılǵan wazıypalardı orınlaw wazıypası júklengen.

Usı wazıypalardı orınlaw ushın tariyxshılarımız xalqımızdıń neshe mıń jıllıq tariyxın tereń úyreniw kerek boladı. Ásirese házirgi waqıtta tariyxımızǵa bolǵan jańa kóz qarastı qáliplestiriw, onıń ushın tariyxımızda ideologiya [1] máselelerin jańa kóz qarastan úyreniw wazıypaları turıptı.

Bárshemizge belgili, hár bir suveren mámleket óziniń qaytalanbas tariyxı hám mádeniyatına iye. Bul tariyx, bul mádeniyattıń haqıyqıy dóretiwshisi, jaratıwshısı bolsa, haqlı túrde sol mámleket xalqı esaplanadı. Ózbekstanımızdıń kóp ásirlik tariyxı hám keyingi 27 jıllıq rawajlanıw dáwiri, óz mámleket ǵárezsizligi hám suverenitetin bekkemlewge qaratılǵan rawajlanıwı bul haqıyqattı jáne bir márte anıq tastıyıqlap berdi. Áne sol dóretiwshilik processtiń qúdiretli hám sheshiwshi kúshi, hesh gúmansız, kóp milletli xalqımız.

Ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh.Mirziyoev tárepinen Ózbekstanda Islam Karimov dáwirinde baslanǵan reformalardı izshillik penen dawam ettiriwge kirisildi. Búgin zamannıń ózi bárshemizdiń aldımızǵa jańa hám oǵada juwapkerli wazıypalardı sheshiwdi talap qılıp atırǵanına itibardı qaratttı.[2]

---

[1] Karimov I. Tarixiy xotirasiz kelajak yo'q T. 1998, 23-bet
[2] Mirziyoev Sh.M. Tanhidiytahlil, qatyiy tartib-intizom va shaxsiy javobgarlik – har bir rahbar faoliyatining kundalik qoidasi bo'lishi kerak. T., O'zbekiston, 2017.

**İzertlew obekti hám predmeti:** Qaraqalpaq xalqı óz tariyxında júdá úlken materiallıq hám ruwxıy mádeniyat dóretken. Qaraqalpaqstan Respublikası tariyxshıları, ádebiyatshıları usı mádeniy miyrastı úyreniw boyınsha úlken jumıslar alıp bardı. Ullı shayırlarımız bolǵan Jiyen, Kúnxoja, Ájiniyaz, Berdaq, Ótesh, Omar hám basqada shayırlardıń shıǵarmaları keń jámiyetshilikke belgili boldı. Olardıń shıǵarmaları xalıq arasınan jıynaldı, kitaplar túrinde basıp shıǵarıldı. Ilimiy jaqtan úyrendi, kandidatlıq dissertatsiyalar jaqlandı. Olardıń barlıǵın aytıp tawısıw qıyın. Biraqta usı waqıtqa shekem qaraqalpaq mádeniyat ǵayratkerleri shıǵarmaları ádebiyatshılar tárepinende, filosoflardı esapqa alǵan halda tekserip izertlew islerinde kóplegen jańalıqlar ashıwǵa bolatuǵın tárepleri tolıp atırǵanday seziledi. Ádebiyatshılarımız ózleriniń ádebiyat ilimi kóz qarasınan qaraqalpaq shayırları kórkem sóz ustaları bolǵan baqsı jırawlar dóretpelerin úyrengen, kitaplar jazǵan. Biraq olar tariyxıy derek tanıw kóz qarasınan tariyxıy protsesslerdi úyreniwden ózlerin shette ustaǵan. Nátiyjede biziń ulama shayırlarımız shıǵarmaları tariyxıy tamırınan úzilip, diniy ideologiyadan ajıratılıp bir jaqlama dodalanıp kelindi.

**Jumıstıń maqseti hám wazıypaları:** Ótkendegi dáwirler, waqıyalar tariyxıy derekler arqalı úyreniledi. Qay jerde tariyxıy derek bar ol jerde tariyx ta boladı. Ótkennen kelip jetken tariyxıy derekler oǵada kóp hám de olar arxitekturalıq estelikler, miynet quralları, adamlardıń kiygen kiyimleri, otırǵan jayları, adam jasawı ushın kerek bolǵan azıq-awqat, kiyim-kenshek, transport qurallarын hám de usıǵan usaǵan materialı zatlar. Sonıń menen birge adamlardıń bir-biri menen islegen qatnas quralları bolǵan til estelikleri, poeziyalıq shıǵarmalar, awızsha ańızlar, ata-babalarımızdan búgingi kúnge kelip jetken dástanlar, jırlar, ertekler, jańıltpashlar, hár túrli anekdotlar qullası ótkennen kelip jetken barlıq materiallıq hám mádeniy quralllar. Haqıyqıy tariyxımızdı biliw ushın tariyxshılar bulardıń barlıǵın biliwi hám úyreniwi kerek. Bir-birinen artıq kórmey, barlıǵın kritikalıq

kóz-qarastan úyreniw kerek, sonda ǵana haqıyqıy tariyxtı úyrenemiz. Oǵan sın kóz-qaras penen qarap ótken zamanlardaǵı ata babalarımızdıń ruwxıy hám mádeniy turmısın tereń bilip baramız.

**İzertlewdiń tiykarǵı máseleleri:** Qaraqalpaq xalqınıń ásirler dawamında bizge qaldırıp ketken kóplegen materiallıq hám ruwxıy miyrasları kóp. Olardı tereń úyreniw házirgi hám keleshektegi áwladlardıń isi bolıp bul iste tariyx iliminiń arnawlı tarmaǵı bolǵan tariyxtanıw ilimi úlken áhmiyetke iye bolıp esaplanadı. Usı kóz-qarastan qaraqalpaq xalıq shayırları shıǵarmaların arnawlı túrde tariyxıy derektanıw ilimi kóz-qarasınan izertlewdi bul jumısta maqset etip qoydıq.

**İzertlewdiń ilimiy jańalıǵı:** Mine usınday tariyxshılarımızdıń miynetleri, toplaǵan tariyxıy maǵlıwmatları arqalı biz ótmish tariyxımızdı tereń úyrenip keleshekke qaray kóz jiberemiz. Házirgi kúnlerimiz ótmishten kelip shıqqan, al keleshegimiz bolsa búgingi kúnniń dawamı.

**Pitkeriw qániygelik jumısı dúzilisiniń qısqasha xarakteristikası:** Jumıs kirisiw, tiykarǵı bólim, juwmaqlaw hám paydalanǵan ádebiyatlardıń diziminen ibarat. I bap Qaraqalpaq xalıq shayırları shıǵarmaların tariyxıy derek sıpatında úyreniw: 1.1. Qaraqalpaq xalıq shayırları shıǵarmaların tariyxıy derek sıpatında úyreniw máseleleri; 1.2. Qaraqalpaq xalıq shayırları shıǵarmalarında xalıqtıń ruwxıy turmısınıń sáwleleniwi. II bap. Annaqul shayır shıǵarmalarında qaraqalpaq xalqınıń sociallıq turmısınıń sáwleleniwi.: 2.1. Annaqul shayırdıń ómiri hám dóretiwshiligi; 2.2. Annaqul shayır shıǵarmaları - tariyxıy derek sıpatında. III bap. Qaraqalpaqstan tariyxın oqıtıwda XIX ásir aqırı XX ásir baslarında qaraqalpaq shayırlarınıń shıǵarmalarınıń áhmiyeti: 3.1. Tariyx pánin oqitiwda qaraqalpaq shayırlarınıń shıǵarmalarınan paydalanıwdıń áhmiyeti haqqında sóz etiledi Juwmaqlawda izertlengen tema boyınsha juwmaq islenip, pikir hám usınıslar berilgen. Jumıstıń sońında paydalanǵan ádebiyatlardıń dizimi beriledi.

# I BAP. QARAQALPAQ XALIQ SHAYIRLARI SHIǴARMALARIN TARIYXIY DEREK SIPATINDA ÚYRENIW

## 1.1 Qaraqalpaq xalıq shayırları shıǵarmaların tariyxıy derek sıpatında úyreniw máseleleri

Orta Aziya xalıqlarınıń mádeniyat qádiriyatları mıń jıllardan beri ata-babalarımızdıń ruwxıy qádiriyatlarınıń deregi bolıp xızmet etip kelgen. Uzaq waqıtlar dawamında ústemlik etip kelingen qısımlarǵa qaramastan óziniń tariyxıy hám ruwxıy qádiriyatlarınıń ózleriniń ruwxıy dástúrlerin, úrp-ádetlerin, inanımların, dńńyaǵa bolǵan bolǵan kóz qarasların bir áwladtan ekinshi áwladqa jetkerip kelgen.

G'árezsizligimizdiń birinshi kúnlerinen baslap ásirler dawamında saqlanıp kelgen hámde umıtılıp ketken kóplegen mádeniy qádiriyatların saqlaw hám kelesi áwladlarǵa jetkeriw ústinde kóplegen jumıslar alıp barıldı. Bul bahasız bolǵan qádiriyatlardı tiklew mámleketlik siyasattıń eń áhmiyetli máseleleriniń birine aylandı.

Xalqımız siyasiy ǵárezsizlikti qolǵa kirgizdi. Azatlıqtı qolǵa kirgizdi. Ol óziniń tariyxınıń haqıyqıy dóretiwshisine aylandı.

Biraqta tariyxıy qádiriyatlardı qayta tiklew, ózligin ańlaw, dinimizdi qayta tiklew, eski imperiyanıń qattı qarsılıǵı jaǵdayında ámelge asırıldı.

Eski imperiya ideologları bul islerge tis tırnaǵı menen qattı qarsılıq kórsetti.

Bir ásirden kóbirek totalitarlıq dúzimniń ústemlik etip turǵan dáwirinen baslap ústemlik etip turǵan ideologiyanı birden joq etiw, álbette úlken qarsılıqlardıń payda bolıwına da alıp kelindi. Jámiyetimizde dáslepki kúnleri geypara ekstremistlik kúshlerde bolǵanlıǵın kópshilik jámiyetshilik biledi.

Ǵárezsizlikti qolǵa alǵannan keyingi birinshi kúnlerinen-aq biz ózimizdiń ana tariyxımızǵa bolǵan kózqarasımızdı ózgertiriwge úlken itibar menen qaradı.

Islam Karimov óziniń «Ózbekstan XXI ásir bosaǵasında Qáwipsizlikke taxdid, barkaralıq shártleri hám rawajlanıw kafalatları» degen ájayıp kitabında ana

tariyxımız tuwralı mına sózlerdi jazǵan: «Tariyx xatirası, xalıqtıń, janajan úlkeniń, mámleketimiz territoriyasınıń xalıs hám haqıyqıy tariyxın tiklew ózlikti ańlawdı, tabir jayz bolsa, milliy maqtanıshtı tiklew hám óstiriw protsessi úlken orın tutadı»[1] degen edi.

Jánede bul kitabında tariyxtıń úlken tariyxıy tárbiyalıq áhmiyetine toqtap, tariyx millettiń haqıyqıy tárbiyasına aylanıp barmaqta. Ullı áwladlarımızdıń islegen isleri tariyxıy xatiramızdı janladırıp, jańa puxaralıq sananı qáliplestirmekte. Aqlaxıy tárbiya hám órnek deregine aylanbaqta.

Óziniń kitabında Orta Aziya tariyxınıń ruwxıy mádeniyat tariyxına analiz jasay otırıp, Orta Aziya tariyxında Siyasiy aqıl pikirler menen ruwxıy qaxarmanlıqtı, diniy dúńyalıq kózqaras penen, jańa puxaralıq sananı qáliplestirmekte. Diniy dúńyalıq kóz qaras penen birge entsiklopediyalıq bilimlerge iye adamlar júdá kóp bolǵanlıǵın ayrıqsha atap kórsetken.

Orta Aziya xalıqlarınıń tariyxıy turmısında Imam Buxariy, Imam Termiziy, Xoja Baxauaddin Naxshband, Xorazmiy, Beruniy, Ibn Sino, Amir Temur, Mirza Uluǵbek, Zaxriddin Baburǵa usaǵan kóplegen ullı ata-babalarımız ózbek hám qaraqalpaq xalıqlarınıń milliy mádeniyatın rawajlandırıwǵa salmaqlı úlken úles qostı. Bul adamlardıń atları islegen isleri xalqımızdıń milliy maqtanıshı bolıp kelmekte. Júdá kóplegen áwladlar bul ullı insanlardıń watan hám dúńya júzi xalıqlarınıń mádeniyatınıń rawajlanıwına qosqan úlesi menen maqtanadı[2].

Tariyxıy tájiriybelerdiń, dástúrlerdiń bir áwladtan ekinshi áwladqa miyras bolıp ótiwi olardıń jańa áwladlardı tárbiyalawda úlken kúshke aylanıwı kerek dep kórsetti Islam Karimov. Samarqand, Buxara, Xiywa házirgi waqıtta kóplegen adamlardıń tariyx hám tariyx penen qızıǵıwshı barlıq adamlar ushın ziyaratqa aylanǵan.

Islam Karimovtıń kitabında ayrıqsha atap korsetiwi boyınsha tarıyxımızdın eń áhmiyetli tarmaqları, ásirese Orta ásirler dáwiri tariyxı, XIX ásir aqırı hám XX

---

[1]Karimov I. O’zbekiston XXI asr bo’saǵasida: xavfsizlikka taxdid, barqarorlik shartlari va rivojlanish kafolatlari. T., 1999, 7-bet
[2] Bul da sonda, 9-bet

ásir basındaǵı tariyxlar qaytadan jaratılıp berildi. Ótmishimizdi aqlaw máseleleri tiykarınan alǵanda orınlandı, endi tariyxıy analizlewge ótiw hám olardı hadal ámelge asırıwdan ibarat ekenligin kórsetiw talap etiledi.

Ǵárezsizlikke eriskennen keyin biz ózlerimizdiń ullı ulamalarımızdıń islegen hadal xızmetlerin óz ornına qoya aldıq. Biziń bul umıtılıwlarımızdı Oraylıq Aziya mámleketlerindegi eń jaqın qońsılarımızda tereń túsinip biziń bul islerimizdi hám pikirlerimizdi quwatladı. Bul jaǵday tosattan bolǵan nárse emes, sonday-aq barlıq aldıńǵı qatardaǵı insaniyattıń baylıǵı dep kórsetti ol.

Ǵárezsizlik jıllarında «ulıwma úy» ge negiz salındı. Xalqımızdıń ulıwma insanıylıq muńı ruwxıy mazmunı milliy ózlikti tiklew protsessi ámelge asırılıp atır. Biz kim edik hám kim boldıq qanday maqsetler aldımızda turıptı. Usı máselelerdi sheshiw házirgi kúnniń eń áhmiyetli máseleleriniń biri bolıp esaplanadı. Ózbekstan Oraylıq Aziya mámleketleri ushın mádeniy integretsiyalanıw initsiatorı bolıwı múmkin hám lazım[1].

Ózbekstan jerinde diniy qádiriyatlarǵa jańa kóz-qaras penen qaraw, olardı tereń úyreniw hám húrmet etiw máselelerine ǵárezsizlik jıllarında úlken itibar berilip atır. Sonıń menen birge islamǵa shekemgi bolıp ótken diniy qádiriyatlarǵa, ásirese atashparastlıq qaǵıydalarına jańa kóz-qaras penen qaraw ámelge asırıldı. Bul kóz-qarastan qaraǵanda Zaraostrizm dininiń káramatlı kitabı bolǵan «Avesto»nıń jaratılǵanına 2700 jıllıq yubileyiniń ótkeriliwi, úlken tariyxıy mádeniy waqıyalardıń birinen esaplanadı. Avesta jaqın waqıtlarǵa shekem ilimpazlar tárepinen dıqqatqa alınbadı. Onıń ishindegi insan súygishlik, tábiyat súygishlik ideyaları tereń úyrenilmedi. Onıń qay jerde payda bolǵanlıǵı tuwralı máselege de ayrıqsha itibar berilmedi. Geypara ilimpazlar onıń payda bolǵan jerleri Iran mámleketi dep esaplasa, al geypara ilimpazlar onıń dóretilgen watanı Xorezm jeri bolǵan degen ideyanı dáliylewge urındı. Bul máselege anıqlıq

[1] Karimov I. Turkiston umumiy uyimiz.T, 1998, 23-bet

kirgiziw Islam Karimovtıń miynetleri[1] menen, ásirese onıń Tashkent qalasındaǵı birqansha tariyxshılar menen, shayırlar menen ushırasıwında sóylegen sózinde Avesta biziń ruwxıy baylıǵımız ekenligi, onıń yubileyin keń túrde ótkeriw kerekligine itibar qarattı. «Oraylıq Aziya xalıqları islamnan aldıńǵı mádeniyatınıń tábiyattan aqılana, uyǵın paydalanıw dástúrlerine úyreniw hám máselelestiriw zárúrligin ayrıqsha qórsetiw kerek» dep jazǵan pikirleri, biziń ilimpazlarımızdıń aldında bin neshe mıń jıllar boyı Orta Aziya jerinde ústemlik etken diniy aǵım bolǵan Zaroastrizm dini tuwralı onıń dástúrleri hám házirgi shekemgi xalıq arasında, dástúrler arasında saqlanıp qalǵan Zaroastrizm dininiń qaldıqların, onıń kórinislerin tereń úyreniw wazıypaların qoyadı. Tábiyattan aqıllılıq penen paydalanıw, jerden paydalanıw, jerge orınsız zaqım keltirmew, jerdi taza saqlaw, suwdı taza saqlaw, hawanı taza saqlaw bul zatlardı adamlardıń tirishiligi hám keleshegi ushın júdá kerekli ekenligin áyyemgi adamlardıń tereń túsiniklerin úyreniwdiń úlken áhmiyetli is ekenligin taǵı bir mártebe kórsetip ótti.[2]

Ǵárezsizlik mámleketimiz xalqınıń bilim dárejesin keńeytirip atır. Tariyx hám házirgi zaman waqıyalarına usınıs etiw biziń jámiyetlik oy-pikirimizden turmısımızdı turmıstı basqarıwdıń akidaparastlıq qáliplerin jeńip ótiw, ǵárezsiz túrde pikir júritiw júz berip atırǵan hádiyselerdi bahalay alıw qábiletin talap etti.

Ruwxıy tikleniw pikirlew dárejesin ǵárezsizlik ruwxı belgileytuǵın jańa áwladqa tiyisli wdóretiwshi ziyalılardıń payda bolıwı demekdur. Xalqımızdıń keleshegi onıń ózine, ruwxıy qúdiretine hám milliy sanasınıń tvorchestvolıq kúshine baylanıslı.

Biziń dástúriy bolıp kelgen qádiriyatlarımızdı házirgi demokratiyalıq jámiyettiń qádiriyatları menen uyǵınlastırıp, keleshekke jánede rawaj tawıp jámiyetimizdiń jáhán hám jámiyetine qosılıwdıń kepili bolıp esaplanadı.

[1] Karimov I. A. Ózbekstan XXI ásir bosaǵasında. Tashkent , 1997. 146 bet
[2] Bulda sonda. 149-bet

Ózbekstan Respublikamızda ǵárezsizliktiń birinshi kúnlerinen baslap milliy qádiriyatlarımızdı tiklew, ulamalarımızdıń el xalıq aldındaǵı xızmetlerin uluǵlaw, jaslarımızdı milliy qádiriyat ruwxında tárbiyalawǵa úlken itibar berildi. Bul istiń bası qasında Islam  Karimov turdı. Onıń tikkeley basshılıǵı astında Ózbek tilne mámleketlik status berildi. Ózbekstanda 70 jıl dawamında qatal qısqıǵa alınǵan Islam dinine erkinlik berildi. Meshit hám medreselerge ruxsat etilip júdá kóp diniy oqıw orınları ashıldı. Hújdan erkinligi tuwralı Ózbekstan  Oliy Majilisinde arnawlı nızam qabıl etildi. Islam dininiń eń úlken wákilleri bolǵan Xojaaxmed Yassauiydiń, Baxauaddin Naxshbandiydiń yubileyleri munasib dárejede ótkerildi. Ózbekstanda diniy máselelerdiń hám ruxıy qádiriyatlardıń qayta tikleniwinde islam dinine, Xoja Axmed Yassawiydiń húrmetine, úlken qayırqomlıq  islegen ullı Amir Temurdiń isleriniń bahalanıwı, onıń ullı yubileyleriniń ótkeriliwi, ullı xadisshi Islam dininiń Muxammed payǵambardan keyingi ullı wákili bolǵan Al Buxariydiń yubileyiniń ótkeriliwi milliy qádiriyatlarımızdı qayta tiklewde úlken áhmiyetke iye waqıyalardan boldı.

Islam Karimov óziniń ishki siyasatın ata-babalarımızdıń ullı miyrasların qayta tiklewge negiz sala otırıp, Islam dini tuwralı Allah bárhama qálbimizde, júregimizde degen uran tasladı. Ózbekstanda din máselelerine jańa mámleketlik siyasat júrgizildi. Bul siyasat Ózbekstanda óziniń unamlı nátiyjelerin berip, din tárbiya quralı, adamlar ortasında mehir-muxabbat, sıylasıq, húrmet izzet, qayırqomlıq sıpatında jas áwladlardı tárbiyalawda óziniń unamlı nátiyjelerin bermekte.

Qaraqalpaqstan jerinde de diniy hám dúńyalıq qádiriyatlarǵa bolǵan munasibet túp tamırınan ózgerdi.

Ullı áwladlarımız bolǵan Jiyen jıraw, Ájiniyaz, Berdaq, Ótesh hám ótken jılı úlken saltanat penen yubileyi ótkerilgen Sulayman Baxırǵanıydıń yubileyleri milliy qádiriyatlarımızdı tereń úyreniwge, ótmishke bolǵan kóz-qaraslardı ózgertiwge úlken tásir jasadı.

Qaraqalpaqstan jaǵdayında ullı babamız Jiyen jırawdıń 1990 jılı yubileyiniń ótkeriliwi, onnan keyin Jiyen jıraw jırlaǵan Qırıq qız dástanı boyınsha Nókis qalasında xalıq aralıq konferentsiyanıń ótkeriliwi, sonday-aq túrk tilles xalıqlardıń ájayıp dástanı bolǵan Edige dástanı boyınsha Xalıq aralıq konferentsiyanıń ótkeriliwi úlken áhmiyetke iye boldı. Ullı babamız Jiyen jıraw bul dástanlardıń dástan bolıp qáliplesiwinde úlken úles qosqan, onıń xalıqtıń júreginen jay alınıwına úlken úles qosqan. Sonıń ushında bul dástanlar boyınsha xalıq aralıq konferentsiyalar ótkeriliwi, ondaǵı tereń mazmunlı dokladlar, onda Germaniya, Túrkiya, Qazaqstan, Rossiya hám basqada mámleketlerden alımlardıń keliwi hám ilimiy dokladlar islewi qaraqalpaq xalqınıń ózine tán mádeniyatın, tariyxın dúńyaǵa tanıtıwda úlken áhmiyetke iye boldı.

Qaraqalpaq dástanların úyreniwge keyingi waqıtları nemis ilimpazları, Yaponiyanıń alımları, Túrkiya hám basqada mámleketlerdi alımları úlken itibar menen qaramaqta. Yaponiya ilimpazları qaraqalpaq tolǵawı Ormambettiń tolǵawı boyınsha izetlew júrgizip, Nókis qalasına kelip ilimiy konferentsiyada ilimiy bayanat penen shıǵıwı, Germaniyalı ilimpaz bolsa, atap aytqanda, Karl Reyxl degen alımnıń qaraqalpaq folklorlıq shıǵarmaların nemis tiline awdarıp hám basqada ellerge tarqatıwı mádenyatımızdıń rawajlanıwına, onıń dúńya júzilik arenaǵa shıǵıwına úlken áhmiyetke iye boldı dep aytsaq asıra siltegen bolmaymız. Bul iste qaraqalpaq ilimpazları sonıń ishinde qaraqalpaq alımı Sarıgúl Baxadırovanıń islegen qalıslıq isleri aytıwǵa turarlıq.

## 1.2 Qaraqalpaq xalıq shayırları shıǵarmalarında xalıqtıń ruwxıy turmısınıń sáwleleniwi

Qaraqalpaqlardıń ata jurtı Turkistan dáwiriniń tariyxın úyrengenimizde onı biz ataqlı Jiyen Jıraw sózlerisiz úyreniwimiz qıyın. Jiyen Jıraw ózleriniń kózi menen kórgenlerin jırawlıq sózi menen jırladı. Ol qaraqalpaq xalqınıń atadan balaǵa, áwladtan áwladqa jetkerip kiyatırǵan xalıqtıń arzıw ármanların tariyxı saqlanǵan dástanlardı xalıq arasında Aral teńizi boylarında Ámiwdárya, Zarafshan boylarında jır etti. Olardıń ishinde Alpamıs, Edige, Qırıq qız hám basqa dástanlardı el ishine tarattı. Olardı xalqımızdıń mıń jıllıq ruwxıy turmıs sáwlesin taptı. Onıń jırlaǵan dástanların keyingi dáwirdegi qaraqalpaq jırawları biziń kúnimizge jetkerdi, olardı qaraqalpaq sózi ustaları sonıń ishinde Berdaq shayırda úlgili húrmet penen dawam etti.

Ásirese Berdaq shayır ushın Alpamıs, Edige dástanları onıń eń súyikli shıǵarmaları bolǵanlıǵı tuwralı pikir júrgizgen boladı. XVIII ásirdegi belgili qaraqalpaq jırawı Jiyen kóplegen qosıqlar, dástanlar dóretti. Olardan «Ilaǵım», «Ber túyemdi», «Xosh bolıń doslar», «Qobız tolǵawı», «Qaramızǵa batırdı ayt», «Jumaqqa saldım», «Qazamdı», «Áy jigitler», «Jigitler», «Aldı artım biyik jar eken», qosıǵında óz basınan ótken awhallardı jazıp ótedi.

Bul shıǵarmalar Jiyen Jırawdıń ómir bayanın úyreniwge materiallar beredi. Máselen ol óziniń «Ilaǵım» qosıǵında ılaq baǵıp júrip ılaqlarǵa qasqır shapqanın kórsetedi. «Ber túyemdi» qosıǵında Jiyen Jırawdıń túyesin basıp alıp onı shıǵırǵa qosqanlıǵın táriypledi. Óziniń bala-shaǵasınıń ashlıqta qalǵanın jır etedi. Xosh bolıń doslar qosıǵında shayır ósken jerin ishinen ayırılıp jat jurtlarǵa ketkenligin aytadı. Qaramırza batırdı ayt jırında hám batır hám sózge sheshen Qaramırza degen batırdıń Jiyen jırawdı 14-15 jaslarda jaw qolında qalǵanda qutqarıp alǵanın táriypleydi.

Ayaǵına kiygeni

Toǵız qabat bılǵarı
Jawdı kórse batırdıń
Shıǵadı sırtqa ızǵarı.
Bárin aytta birin ayt
Qaramırza batırdı ayt.[1]

Bul shıǵarmada el jurt ushın gúresken azatlıq waqıyaların jırlaydı.

Múytenniń mákanı degen qosıǵında qaraqalpaqlardıń Qara teńiz jasında otırǵanın aytadı. Qosıq barlıǵı bolıp 12 qatar. Bunda múytenler bir waqıtları Qara teńizdiń jaǵasında jaylasqanın Tirka degen jerde otırǵanın kórsetedi. Eger bul haqıyqıy bolsa fakt áhmiyetke iye boladı.

Ha xanlımız jırlaǵanda az da bolsa geypara tariyxıy maǵlıwmatlarda gezegi boladı.

Esim bolıp tur talan
Táriyplerdi aytsam xojam
Sendey zalım bolǵan joq
Sendey jurttı sorǵan joq
Mal ornına sattı qoldan
Júrgen emes ádil joldan
Ótken burın Táwke xan
Sendey zalım bolǵan joq
Xiywada ótti aydarxan.
Elime etken azabı
Sennen zıyat bolǵan joq
Hasıl zatın sorasań zańǵar
Jantastırmay adam janlar
Ótti patsha mekende
Olda sendey bolǵan joq

[1] Karimov A. Jiyen jırawdıń ómiri hám tvorchestvosı.N.,1963, 25-bet

Jámshit, Sulayman, Erdarap
Sultan Maxmud el sorap
Shıńǵıs xan aylanın orap
Sendey xalıqtı qırǵan emes[1].

qosıqta kóplegen xanlardıń atları ataladı. Olardan Alixan wayran salǵan onsanǵa Dosanxan Amir Temir kóringen. Eralıxan bulardıń hámmesi tek bir qanshaları tariyxta belgili adamlar. Biraq bul jerde jırawdıń kimge, qaysı xanǵa qaratqanlıǵı belgisiz. Xannıń atı atalmaydı. Ulıwma alǵanda jırawdıń tariyxıy áwmiyeti aytarlıqtay emes. Qosıqta ushırasatuǵın onsan degen sóz biraz qızıǵıwshılıq tuwdırdı.

Wayran salǵan onsanǵa Dosan xan yamasa jeti kúnniń ishinde wayran shıqtı onsan degen. Materiallardı jıynaw xalıq tariyxı ushın júdá áhmiyetli. Bunday materiallardıń kólemi bir neshe kitaplardı qurıw múmkin. Sonlıqtan olardı tariyxıy derek retinde arnawlı izertlewimz kerek boladı.

Qaraqalpaqlar, Jiyen jırawdıń sózi boyınsha, ullı Tawdan qashıp Atraw degen erde basın qosıp jasaydı. Bay menen biyler xalıqqa belgili jolbasshı bolalmay, xalıq wayrangershilikke ushırap, kóplep bala shaǵalardıń azap aqırette ólgenligi sóz etiledi.

Shayır Jańadárya Turkstannan  piyadaǵa úsh ay jol, dep jazadı. Bul álbette, asıra siltewshilik. Dástanda sonıń menen birge adam isenbeytuǵın qatarlar da mol ushırasadı. Máselen, Ullı Tawdan posqanın ayta kelip, Turkstannan posqanına bir yarım ay  toladı dep te aytıladı. Solay da bolsa, dástannıń ulıwma baǵıtına qarap, qaraqalpaqlardıń birazı bir waqıtları Ullı Taw boyında mákan basqanlıǵın, jawgershilik nátiyjesinde posıp kóshkenligin aytıwǵa boladı. Ullı Taw ataması qaraqalpaqtıń Qıtay urıwınıń uranı sıpatında belgili. Bunı Berdaq shayır óziniń shejiresinde bir waqıtları Ullı Taw boyın jaylaw etkenligi sebepli payda boldı dep dáliylleydi. XVII ásirdiń aqırı XVIII ásirdiń basında qaraqalpaqlar Ullı taw

[1] Bul da sonda, 29-bet

átirapında otırǵanlıǵı jazba dereklerde ushıraydı. XVIII ásirdiń basında jazılǵan Ubaydullanamada tómendegi sózlerdi taptıq. Házirgi waqıtta (musılmanlardıń jıl sanawı boyınsha 1116 jılı) qazaqlar, qaraqalpaqlar hám Andijan, Xodjent, Aq Qutel, Tashkent, Sayram jáne Turkstannıń, hátte Ullı Taw menen Kishi tawdıń barlıq xalqıda Gaziy yuz balası Muxammed Raxim biy yuzdiń astında boldı.

Bul material joqarıdaǵı keltirilgen «Ullı Taw» poemasına qosımsha maǵlıwmat bolıp, atı atalǵan jerlerde qaraqalpaqlardıń da bir waqıtları jasaǵanlıǵın túsiniwge boladı. Egerde Jiyen jıraw óziniń «Ullı Taw» degen poemasında qaraqalpaqlardıń Ullı Taw boyınan Túrkstanǵa, Jańadárya, Quwandárya boyına kóshkenligin, soǵan qaraǵanda bundaǵı waqıyalar noǵaylı dáwirin sóz etip otırǵanday seziledi. «Noǵaylı», «Onsan noǵay», «Az noǵaylı» degen atamalar qaraqalpaqlardıń qulaǵına eski tolǵaw, góne sózlerdey shalınıp, sanasına sińip kelgen.

Bálki bul atamalar oǵan qaysı bir zamanlarda ózi jasaǵan elindey, bazda bir gezindegi óz atınday esitiledi «dep jazadı Qaraqalpaqstan xalıq shayırı I. Yusupov. Noǵay tolǵawlarına baǵıshlap jazǵan óziniń kiris maqalasında».

«Júregimde kóp daǵım» tolǵawında qáwendersi, qostarsız ılaǵıp posqan el jurtın, olardıń belgili mákanǵa iye bolmaǵanı, dushpanlardıń qısqısınan posıp kóshiwi aytıladı hám posqınshılarǵa qarap táselle sózlerin aytıp, shúkirshilik etiwge shaqırdı.

«Jas janlarım márt bolıń,
Márt bolıńlar ata-ana»[1].

Keyingi jılları Jiyen jıraw tvorchestvosın ádebiy jaqtan keń túrde izertlep, ol tuwralı kólemli miynetler dóretken filologiya ilimleriniń kandidatı A. Karimov Qaraqalpaqstan xalıq jırawı Qıyas Ǵayratdinovtan Jiyen jırawdiki dep jazdırǵan «Ullı taw» poemasın jazıp aldı hám ol baspa sózde daǵazalandı. «Ullı taw» degen

[1] Karimov A. Jiyen jırawdıń ómiri hám tvorchestvosı.N.,1963, 31-bet

jer házirgi Qazaqstannıń Jezqazǵan oblastında ornalasqan. Bul shıǵarmada qaraqalpaq xalqınıń «Ullı taw» degen jerde teńlik tappay, kóp qısıwmetlerge ushırap, bul jerden posıp kóshkenligi kórsetiledi.

Dástanda qazaq xanı Asan Mırza degenniń atı kórsetilip, oınń basshılıǵında qaraqalpaqlardıń jawlanıp alınǵanlıǵın, Arıslanbek degen adamnıń qaraqalpaqlarǵa topılıs jasaǵanlıǵın hám basqada adamlardıń topılısları kórsetiledi. Jırda sáwleleniwinshe, jeti kúnde qaraqalpaqlar astın-ústin bolıp, posıp kóshedi.

Jeti kúnniń ishinde,
Hayranı shıqtı onsan.

dep táriyplese, hámde ol waqıyalardıń arasında jıraw óziniń qatnasıq tuwralı mazmun berse, al ǴPosqan el Ǵ degen poemada Jiyen jıraw Turkstannan Xorezmge, Aral teńiz boylarına kóshiwi, onda Jiyenniń posqınshılar menen aralasıp posıp kóshiwi aytpadı.

Poema tariyxshılar (S.Kamalov, B.V. Andrianov hám t. b.) tárepinen tariyxıy material sıpatında paydalanıldı. Biz olardan artıq qosımsha materiallar taba almadıq. Olar óz izertlewlerinde Sırdarya boyındaǵı qaraqalpaqlardıń ulıwma ayanıshlı táreplerin kórsetiw ushın poemadan paydalandı. Poema Túrkstannan qaraqalpaqlardıń posıp kóshiwi kartinasınıń ulıwma baǵıtın kórsetedi. Onıń barlıǵı tariyxıy. Avtordıń kózi menen kórgenleri poetikalıq jır menen jırlanadı. Qaraqalpaq xalqınıń folklorın dáslepki jıynawshılardıń biri O.Kojurov óziniń «Dástanlar» degen maqalasında «Qırq qız», «Hájigerey», «Shora batır», «Erqosay», «Qurbanbek», «Máspatsha», «Bozaman» dástanların kórsetip, «Olardı tariyxıy waqıyalardıń jańǵırıǵı bolıwı itimal. Olar qaraqalpaq xalqınıń ótmishin úyreniwde belgili dárejede tariyxıy hám etnografiyalıq jaqtan qızıǵıwshılıq tuwdıradı. Olarda qıyalıy nárse az, al máp turmıslıq nárseler kóbirek. Olar qaraqalpaq xalqınıń arab hám parsı elementleri aralaspaǵan dóretpeleri dep batıl túrde aytıwǵa boladı. Bul dástanlar kompozitsiyası simvolikası jaǵınan rus

bılinalarına usap ketedi» dep jazǵan sózi qaraqalpaq dástanlarındaǵı tariyxıylıqtı anıqlawda úlken áhmiyetke iye.

«Bul qaharmanlıq dástanlardıń taǵı bir ózgesheligi, ol da bolsa olardıń barlıǵınıń Jiyen jıraw menen baylanıslı ekenliginde» dep kórsetedi. Qaraqalpaq xalqı arasınan XIX ásirde ájayıp xalıq shayırı bolǵan Kúnxoja, Ájiniyaz, Berdaq, Ótesh hám basqada shayırlar shıqtı. Olar xalıqtıń arzıw ármanların, ayanıshlı turmısın tariyxın jırladı, jaqtılı keleshegin árman etti. Olar ózleriniń shıǵarmalarında Ámiwdárya boyında jasawshı miynetkeshlerdiń Xiywa xanlarınıń basıp basıp alıwshılıq xannıń urıslarına qarsılıqların jazdı. Xalıq kóterilisleriń basshıların maqtap jır etti. Olar xalıq arasında tarqalǵan ádebiy nusqalardı xalıq dástanların etreklerdi xalıq naqıl-maqalların júdá jaqsı bildi. Olarǵa húrmet penen qarap úyrendi. Qońsı xalıqlardıń shıǵıs xalıqlarınıń ádebiyatın úyrendi, olarǵa joqarı baha berdi. XIX ásirdegi eń belgili shayırlardıń biri Kúnxoja Ibrayım ulı (1799-1880) shın mánisindegi xalıq shayırı bolıp bizge kelip jetken «Oraqshılar», «Zaman» hám basqa da shıǵarmalarında xalıq turmısın tereń kúrsete bildi, basshı toparlardı qatal qaraladı.

Usı waqıtqa shekem ádebiyatshılarımız muzıka izertlewshileri, tariyxshılarımız Jiyenniń jırawshılıq tárepi onıń qaraqalpaq dástanların atqarıwshılıq sheberlikleri qaraqalpaq dástanların jetilistiriwge qosqan úleslerituwralı máseleni konkret qoyǵan emes. Al usı waqıtqa shekem Jiyendi shayır sıpatında tanıp, onıń tvorchestvosı shayırlıq ádebiy kóz qarastan baha berilip kelinbekte. Bul másele filiosofiya ilimleri kandidatı, belgili ádebiyatshı A. Karimovtıń miynetlerinde anıq kórsetilip berildi.[1] Biraq onıń qaraqalpaq iskusstvosı hám ádebiyatına qosqan úlesi keń túrde aytılıwdı talap etsede, bul másele arnawlı áńgime az bolıp kiyatır. Belgili ilimpaz I.Saǵıytov, A.Klimovich Jiyen jırawdıń qaraqalpaq xalqınıń eń úlken dástanı «Qırıq qız» dástanına Jiyen jırawdıń qatnası máselesine arnawlı toqtap ótken edi.

[1] Jiyen jırawdıń ómiri hám tvorchestvosı. Nókis, 196, 46-bet

Haqıyqatında da Jiyen jırawdıń atınanda, laqabınanda anıq kóriniwi boyınsha ol jıraw bolǵan. Jıraw degen qobız namasına salıp xalıq dástanların jırlap, xalıqtıń óz tariyxına, ruxıyatına bolǵan talapların qanaatlandırıwǵa qaratılǵan áhmiyetli kásip bolǵan. Jırawlar xalıq aǵartıwshıları óz dáwiriniń bilimli adamları bolǵan.

Jiyen jıraw Túrkstan qalasınıń ápirapında Aq meshitke jaqın jerde tuwılıp ósken. Ol óz zamanınıń aldıńǵı qatardaǵı bilimli adamı bolǵan. Qaraqalpaqlar Jiyen zamanında házirge shekem tarqalǵan áńgimeler boyınsha Aq meshit ápirapında otırǵan. Olar diyxanshılıq penen, sharwashılıq penen, ónermentshilik hám basqada kásipler menen shuǵıllanǵanlıǵı tuwralı kóplegen tariyxıy derekler saqlanǵan.

Jiyen jıraw hám Túrkstan átipaındaǵı jerlerdi, sonıń menen birge Xorezm jurtında Aral teńizi boylarında Aq bóget, Qabaqlı ata degen sonıń ishinde abızlar otırǵan Aybas degen atawlarda jasap ótkenligi tuwralı geypara qatıqulaq ǵarrılar ekspeditsiya waqtında maǵlıwmatlar berdi.[1]

Jiyen jırawdıń ómiri Ózbekstan jerinde jasawshı qaraqalpaqlar, ózbekler menen ásirese Nurata, Qarakól, Bulunǵur ápirapındaǵı qaraqalpaq awılları menen de tıǵız baylanısta bolǵan. Jiyen jıraw zamanında ol jerdegi qaraqalpaq Múyten, qaramoyın urıwları arasındaǵı aǵayınler menen qarım qatnaslar bolıp turǵan. Suw jolı arqalı da, qumlıqlar arqalı da tez-tez bolıp turǵan. Bul jerdegi alıstaǵı aǵayınlar menen Qaraqalpaqstandaǵılar ortasında bir- biriniń toylarına, músibetlerine barıs-kelis qılıw dástúrleri kúshli bolǵan. Bunday qatnaslardı ámelge asırıwda birinshi náwbette sawdagerler, onnan keyin Buxara medreselerinde oqıwǵa barǵan mollalar, onnan keyin bolsa jıraw, baqsılar kóbirek ámelge asırǵan. Olar bir-birleriniń toylarına alıstaǵı aǵayınlardan jıraw, baqsılardı shaqırtırıp ayttırıw dástúrleri, jıraw, baqsılarǵa húrmet oǵada kúshli bolǵan. XIX ásirdiń 60-

[1] Ózbekstan ilimler Akademiyası Karakalpakstan bóliminiń kol jazba fondı. R. M 1007.

jılları Samarqand ápirapında Bulunǵur rayonında jasawshı qaraqalpaq múytenler arasında baqsı jırawlarǵa úlken húrmet bar ekenligin bul jerde izertlegen A. Grebenkin arnawlı kórsetken.

Bul jaǵday burınnan kiyatırǵan traditsiya bolǵan bolıwı kerek.

Jiyen jırawdıń atı qaraqalpaq xalıq dástanı menen tıǵız baylanısqan. Sebebi Qırıq qızdıń eq keyingi qatarlarında bul dástannıń Jiyen jırawdan nusqa bolıp qalǵanlıǵın, bul dástandı usı kúnge jetkergen Qurbanbay jıraw maǵlıwmatlarınan anıq kórinedi. Onda tómendegi qatarlarda qaraqalpaq xalqında múyten urıwdan Jiyen degen jırawdan nusqa bolıp qalǵan bul dástan degen qatarlar qurı yadtan toqılǵan emes. Bul qatarlardan haqıyqattanda bul dástandı dóretken Jiyen jıraw, onı dástan dárejesine jetkerip usı halǵa ákelgen Jiyen jıraw degen juwmaqqa tolıq keliwge boladı. Sebebi burınǵı waqıttaǵı bir jaqsı dástúr boyınsha dástan úyrengen shákirt jırawlar dástanlarǵa múmkinshiligi barınsha ózgerisler kirgizbewge háreket etken. Usıǵan qaraǵanda dástan ózgerissiz saqlanıp kelgen hám onı Jiyen jıraw variantı dep aytıwǵa tolıq boladı. Jiyen jıraw dóretken bul dástan kópshilik jaǵdaylarda XVIII ásirde xalıq turmısında júz bergen tariyxıy waqıyalar jangırıǵında seziledi.

XVII ásirdiń ortalarınan baslanǵan Jungar qalmaqlardıń Orta Aziyaǵa islegen basıp alıwshılıq shabıwılları Orta Aziyanıń kóplegen jerlerin wayrangershilikke ushıratadı. Ásirese Qazaqstannıń kóplegen jerlerin olar basıp alıp óz ústemligin ornattı. Qazaq xalqınıń turmısında ol «Aqtaban shubırındı» degen ataldı. Bul jıl 1723-jılǵa tuwra kelip, bul jıl tek qazaq xalqınıń turmısında emes, qaraqalpaq xalqınıń turmısında da úlken iz qaldırdı. Qaraqalpaqlardıń bir bólegi Jungarlar qarawına ótip ketti. Birqansha qaraqalpaqlar Jungar qalmaqlardıń qullarına aynaldı. Birqansha qaraqalpaq awılları Jungariya jerlerine kóshirildi. Olar keyin Jungar qalmaqlardıń turmısına aralasıp, óziniń tilin, dinin joǵalttı, óziniń milletin umıttı. Bul tariyxıy waqıya xalıq dástanlarında, sonıń ishinde Qırıq qız dástanında

óz sáwlesin, Qırıq qız dástanında sáwlelengen Nadirshax áskerleriniń qaraqalpaq jerlerin basıp alıwı bulda tariyxıy fakt bolıp esaplanadı. Bul waqıyalardıń guwası sıpatında Jiyen jıraw xalıqtıń azatlıq háreketine qatnasadı. Jıraw óz shıǵarmalarında sol waqıyalardı jazdı.

Iranda úlken imperiya dúzgen Nádirshax baslaǵan armiya Xorezm oypatın basıp aladı. Bul eki tariyxıy waqıya haqıyqattanda, xalqımızdıń turmısında bolǵan waqıyalar, olar tariyxıy kitaplarda jazılıp qaldırılǵan. Kimde kim Orta Aziyanıń XVIII ásir tariyxına názer salsa, usı eki tariyxıy waqıyanı kóz aldına keltiredi. XVIII ásir Orta Aziyanıń ekonomikalıq jaqtan tómenlep, feodallıq tartıslardıń gújip turǵan dáwiri edi. Geyde gúllep turǵan qalalarda adamlar az qalıp, ashlıqlar bolǵan.

Tariyx ilimleriniń doktorı, qaraqalpaq xalqınıń tariyxı boyınsha bir qansha miynetlerdiń avtorı A. T. Jdanko qaraqalpaq dástanı «Qırıq qız» ǵa itibar berip, oınń ilimiy áhmiyetine jaqsı toqtadı. Ol usı waqıtqa shekem «Qırıq qız» dástanı tereń izertlegen emes. Bunday izertlewler onıń tereń tariyxıy etnografiyalıq derek sıpatındaǵı ilimiy bahalıǵın ashıp berer edi[1] dep kórsetken. Álbette keyingi waqıtları ilimiy xızmetker Ulbosın Orazbaeva bul dástandaǵı tariyxıy maǵlıwmatlar boyınsha izertlew júrgizip atır. Óziniń dáslepki juwmaqların kitapsha etip shıǵardı. Biraqta qaraqalpaq xalqınıń bul dástanı óziniń tereń tekseriliwin talap etedi. Oǵan Jiyen jırawdıń qatnası máselesinde tereń izertlenip atır.

«Qırıq qız» dástanı qaraqalpaq tariyxshı hám etnograflarınıń arasında dáslepki jazılıp alınǵan waqtınan baslap-aq úlken qızıǵıwshılıq tuwdırǵan edi. S. P. Tolstov, A. T. Jdankolar bul dástanǵa tariyxıy derek sıpatında qaradı. Tariyx ilimleriniń doktorı A. T. Jdanko óziniń «Karakalpakskaya epicheskaya poema «Kirk kiz» kak istoriko-etnograficheskiy istochnik» degen maqalasında

---

[1] T.A.Jdanko. Ocherki istoricheskoy etnografiy karakalpakov M. L 1930, 110-bet

tómendegilierdi jazǵan edi. Awız eki xalıq tvorchestvosı, sonıń ishinde xalıqtıń epikalıq shıǵarmaları, sońǵı waqıtları tariyxıy etnografiyalıq derek sıpatında júdá az qollanılıp atır. «Qırıq qız» dástanı yamasa burınǵı atı Gúlayım bul xalqımızdıń ruxıy azıǵı. Xalıqlardıń sırt el basıp alıwshılarına qarsı júrgizgen azatlıq gúresi tariyxı, ol házirgi jaslarımızdı watan súyiwshilikke tárbiyalawǵa xızmet etiwi kerek. Dástan milliy ideologiyanı qáliplestiriwde úlken rol oynaydı. Bul dástandı dóretiwde onıń avtorlarınıń biri Jiyen jırawdıń úlken xızmeti bar. Ol xızmetlerdi, onıń rolin kóplegen izertlewshiler ásirese, ádebiyatshılar tán almay kelmekte, Tariyxıy faktler bul áyyem zamanında atqarılǵan dástanǵa úlken itibar beriliwin talap etedi. Bul dástandı tariyxıy etnografiyalıq ruxıy derek sıpatında arnawlı izertlewler alıp barıwımız kerek. Házirge shekem tariyxıy derek sıpatında tek ǵana ilimpaz Ulbosın Orazbaevanıń dissertatsiyalıq jumısı (bul jumıs kandidatlıq dissertatsiya sıptında jaqlaǵan joq) hám de azǵana alımlardıń miynetleri bar.

Bul dástan qaraqalpaqlar arasında eń kóp tarqalǵan dástan bolıp, onıń eń dáslepki atqarıwshılarınıń biri Jiyen jıraw bolǵan. Bul tuwralı bul dástan tuwralı pikir aytqan ilimpazlardıń derlik barlıǵı da moyınladı. Jiyen jırawdıń aqlıǵı bolǵan XIX ásirdegi shayır Ótesh te Jiyen jırawdıń bul dástandı jırlaǵanlıǵın, bul dástandı shıǵarıp jazǵanlıǵın kórsetip ótken.

Ózbekstan ilimler Akademiyası Qaraqalpaqstan bóliminde kitapxanada saqlanǵan qoljazbalarda jırawlardıń aytıwı menen jazıp alınǵan variantlarında «Jiyen jolı» degen arnawlı namalardıń atları jazılǵan Jiyen jırawdan basqada bul dástandı kóplegen jırawlar jırlaǵan. Bul dástan Sır boyında Qazaqstan jerine taralǵan. Bul dástan Jungar qalmaqlar shabılıwı nátiyjesinde hár jaqqa posıp ketken qaraqalpaq urıwları arasında keń taralǵan. Fergana oypatındaǵı qaraqalpaqlar, Zaravshan Bulunǵur jerindegi qaraqalpaqlar, Qashqadárya, Surxan,

Xorezm jerindegi xalıqlardıń turmısında bul dástan júdá kóp taralǵan dástan bolıp, xalıqtıń ásirler boyı ruwxıy azıǵı bolıp xızmet etken.

Qırıq qız dástanı qaraqalpaq xalqınıń áyyemgi dáwirlerinen beri kiyatırǵan mámleketshiliginiń tariyxıy deregi bolıp esaplanadı.

Bul mámlekettiń basında patsha qız Gúlayım turǵan. Áyyemgi waqıtları bul dástan Gúlayım degen at penen atalǵan. Keyingi dáwirde bolsa bul dástannıń atı ózgerip Qırıqqız ulıwma at penen belgili bolǵan. Jiyen jıraw jırlap hám dóretken bul dástan qaraqalpaq mámleketshiliginiń ayqın dáliyli bolıp esaplanadı.

Shıǵarmada qaraqalpaqlardıń qoladan qorǵan salǵanlıǵı, bul jerde áskeriy mashqlar úyrengen oz aldına armiya bolǵanlıǵı hámde áskeriy jarıslar ótkerilgenligi tuwralı kóplegen maǵlıwmatlar berilgen. Mámleketshilikke tán bolǵan barlıq elementler óz mámleketiniń territoriyasın sırtqı basıp alıwshılardıń topılıslarınan qorǵawǵa usaǵan mámleketshilik belgileri bul dástanda ayqın kórinedi.

Bul mámlekettiń basshıları Nadirshax áskerlerine qarsı gúreste tayınlanǵan áskeriy gvardiyaǵa súyenedi. Eldi basıp alıwshılardıń topılıslarınan qorǵap Xorezm áskerleri menen watandı, tuwǵan jerdi dushpanlardan azat etiwge erisedi. Bul shıǵarmada watandı qorǵaw ádillik ideyaları tiykarǵı orın iyeleydi. Qaraqalpaq xalqınıń mámleketshiligi basqada tuwısqan xalıqlardıń mámleketshiligindey erte waqıtlardan baslanǵanlıǵı shıǵarmada anıq tariyxıy atamalarda kórinedi. Dástanda qorǵanlar, áskeriy mashqlar, qural jaraqlar, áskeriy kiyimler, sawıt hám basqada qural saymanlar tiykarǵı orın iyeleydi. Shıǵarmada anıq tariyxıy etnikalıq atamalar orın alaadı. Máselen az Noǵaylı elinde, Qaraqalpaq xalqında degen atamalar qaraqalpaqlardıń tariyxında bolǵan. Usı belgilerge hám basqa tariyxıy belgilerge qarap qaraqalpaq xalqınıń bul dástandı xalqımızdıń ásirler boyı kiyatırǵan xalıqlıq hám mámleketlik belgilerin kórsetip, xalıqtıń ǵárezsizlik

ushın alıp barǵan gúresiniń ayqın esteligi bolıp esaplanadı. Hám sol mámleketshilik tariyxı bolıp ta xızmet etedi. Al geypara ilimpazlar bul dástandı ele mámleketshilik payda bolmaǵan dáwirlerge aparıp taqaw tendentsiyaları tariyxıy haqıyqatlıqtan jıraq dep oylayman. Qońsı Qırǵızstan Respublikasında qırǵız xalqınıń batırlıq dástanı bolǵan Manastı qırǵız xalqınıń mámleket Prezidenti Askar Akaev Qırǵız mámleketi hám qırǵız xalıq dástanı Manastıń tariyxıy táǵdirin baylanıstırǵan kitap jazǵan. Bul nárse qaraqalpaq xalıq da Qırıq qız benen qaraqalpaq mámleketshiligi temasın baylanıstırǵan haldı kóriwimiz kerek. Akademik S. Kamalovtıń qaraqalpaq xalqı hám mámleketshiligi tariyxı tuwralı jazǵan kitabınıń birinshi súwreti qaraqalpaq mámleketiniń negizin salǵan Gúlayımnıń súwretin beriwinde tereń tariyx sırı bar. Bunda bul dástandı dóretiwshilerden bolǵan Jiyen roli bar.[1]

XVIII ásirdegi eń aldıńǵı qatardan jıraw hám shayır sıpatında Jiyen Alpamıs dástanın sheber atqarıwshı sıpatında xalıqtıń ruwxıy mádeniyatında úlken orın iyelegenligi tuwralı pikirler bar.

«Alpamıs» dástanınıń óziniń kelip shıǵıwı boyınsha keyingi dáwirlerge tiyisli dep kórsetedi. Qazaqstannıń belgili folklorist ilimpazı N. S. Smirnova « Alpamıs» dástanı hár túrli waqıtlarda qálipleskendep jazıp, «Alpamıs» dástanınıń barlıq versiyalarında qayta islep shıǵıwladıń izleri kórinedi. Bul qayta islewlerde Jungar qalmaqlardıń qazaqlardıń Orta júzi hám de Túrkstan Tashkent rayonında jasaǵan joqarı qaraqalpaqlar hám ózbekler ústinen ústemligi dáwirinde ámelge asırılǵan. Bul dáwirde bolıp ótken úlken kóship qonıwlardıń izleri dástanda anıq sezilerli, bular qońıratlılardıń óz-ara jánjelleriniń nátiyjesinde bir bóleginiń Xun-taydji qáwenderligine ótiwinen, qalmaqlar tárepine óndirilip alıńgan zákáttti

[1] Kamalov S. K. Qaraqalpaqlardıń xalıq bolıp qáliplesiwi hám mámleketshiligi tuwralı Nókis, 2001. 35-bet

táriyplewden, al ekinshi versiyalarda bolsa, Taydj Qońıratqa shabılıwı tuwralı maǵlıwmatlardan belgili boladı.[1]

Egerde N. S Smirnova usınday XVIII ásirdiń tariyxıy waqıyalarına baylanıstırǵan bolsa, sol ásirdiń dawıllı jılların ulıwma bir epikalıq dáwir dep, birqansha qazaq dástanların sol dáwirge jatqarar bolsa, bizde qaraqalpaq dástanlarınıń geyparaların xalıq tariyxınıń XVII-XVIII ásirine baylanıstırıwǵa bolar degen tolıq isenimimiz bar. Buǵan mısal etip joqarıda toqtap ótken «Qırıq qız», «Alpamıs» hám taǵı basqa epikalıq shıǵarmalar bizge Jungar qalmaqları tuwralı hám XVIII ásirde bolıp ótken tariyxıy waqıyalar tuwralı xabarlar beretuǵını dáliyl bola aladı.

Qaraqalpaq xalqınıń súyip tıńlaytuǵın bul dástanı tuwralı Qaraqalpaqstan jerinde  kóplegen ilimiy izertlewler júrgizildi. Bul dástannıń kóplegen nusqaları jazıp alındı. Olar xalqımızdıń ruxıy turmısın úyreniwde úlken áhmiyetke iye.

Qaraqalpaqlar arasında úlken tariyxıy dástanlardan «Edige» dástanı bolǵan. Bul dástannıń bas qaharmanı xalqımızdıń tariyxında bolǵan adam. Ol XV ásirdiń birinshi shereginde xan bolǵan. Edige óziniń shıǵısı boyınsha Mańǵıt urıwınan Qaraqalpaq jırawlarınıń «Edige» ni bilmegeni joq. Ol bul dástandı qaraqalpaqlar arasınan jazıp alǵan. Hám qaraqalpaqlar tuwralı ańızdı, olardıń sahra búlbili degen sózlerdi jazıp qaldırǵan.

«Edige» dástanın ullı  Jiyen jıraw jırlaǵan. Bul dástannıń qaraqalpaqsha variantlarında Qaraqalpaqstanǵa tiyisli kóplegen toponomikalıq jer atamaların ushıratamız. Sonıń menen birge dástanda ushırasatuǵın basqa adamlarda haqıyqatında tariyxta bolǵan adamlar. Xalqımız bul dástanǵa ótmish tariyxımız dep qarap, súwretlengen waqıyalarǵa  isenim menen qaraǵan.

---

[1] Н. С. Смирнова. Об отношении казахский версии "Алпамıс" к традиции казахского героического эпоса. Ташкент.  1951,   37-бет.

Keyingi izertlewshilerdiń akademik V. M. Jirmunskiy, professor Q. M. Maqsetov hám tağı basqabaldıń kórsetiwi boyınsha dástandağı waqıyalar jazba hám basqa mağlıwmatlar menen tastıyıqlanadı. Al Berdaq usınday ájayıp shığarmalardı («Alpamıs», «Edige» dástanların) júdá jaqsı bilgen. Olardıń tariyxta haqıyqattan da bolğanına isenim hasıl qılğan. Ne ushın biz bul dástanlarğa keń túrde kewil bólip, xalıq tariyxı menen baylanıstırıwğa háreket ettik. Sebebi bul dástanlardı qaraqalpaq jırawları janınday jaqsı kórgen. Olardan ruxıy azıq alğan. Berdaq shayır Edige menen Alpamıs tirilse men izler edim dep jazdı. Bul sózler bul dástanlardıń bas qaharmanlarınıń bir waqıtlarda turmısta jasap ótkenligine isenim hasıl qılğanlığında Jiyen, Ájiniyaz bolıp otır. Berdaq qaraqalpaqlar arasını taralğan basqa dástanlardı da tereń bilgen dep ayta alamız. Olardıń geyparaları xalıq arasında dástan etip atqarğan, onnan ruxlanğan. Qaraqalpaq awıllarında bul dástanlar jaslardı tárbiyalawda, watan súyiwshilikke, xalqı ushın jan beriwge tayar turıwğa shaqırğan.

Solay etip, qısqasha etip aytqanda Berdaqqa shekemgi qaraqalpaqlar arasına keń túrde taralğan iri dástanlar tek ğana kórkem shığarma bolıp qalmastan, tariyxıy bilimlerdiń jıyıntığı, xalıqtıń basınan ótken hádiyseleri sáwlelengen tariyxıy shığarma bolıp, xalıqtıń tariyxıy bilimlendiriw mektebi, onıń xalıqlıq universiteti bolğan dep aytsaq asıra siltegen bolmaspız. Bul shığarmalar milletimizdiń maqtanıshı ruxıy qádiriyatımız XIX ásirde ilimge belgili bolğan birinshi ret qaraqalpaq poeziyasınıń baylığın, onıń jırların, qıssaların, tariyxın tıńlap , oğan ilimde zor baha bergen, Tuwısqan qazaq ilimpazı Sh. Wáliyxanov 1855-1856-jılları tómendegilerdi jazdı.

«Qosıq dúńyanı gezip, bir geze Sırdáryanıń arğı jağasındağı qaraqalpaqlardıń awılında qonıwğa toqtaptı. Kórilmegen hám esitilmegen qonaqtıń kelgeni háaqqındağı xabar ushqan ottay barlıq tárepke tarqaptı. Baxıtlı awılda jıynalğan

esapsız kóp qaraqalpaqlar ájayıp qonaqtı kesh baslanıwdan baslap tań atqanǵa shekem, qashan Qosıq sharshap uyqılaǵanǵa shekem tıńlaptı.

Qırǵızlar menen Túrkmenler Sırdáryanıń joqarǵı aǵımındaǵı awıldıń shetinde uzaqta turǵan, barlıq tuwısqan qáwimler ol waqıtta birge kóship qonǵan keshletip túnde hám ájayıp seslerdiń tamam bolǵanlıǵın esitken. Qosıqtıń qaraqalpaqlarǵa kelgenligi tuwralı xabar Sırdáryanıń sol tárepindegi sartlarǵa da barıp jetken»
dep kórsete kelip Sh. Wáliyxanov «qaraqalpaqlar sahradaǵı birinshi shayır hám qosıqshılar, sonnan keyin qırǵızlar hám túrkmenlerǴ[1] dep jazǵan. Tariyxshı A.I. Belyaev ta qaraqalpaqlardaǵı xalıq poeziyasınıń úlgilerine úlken súyispenshilik penen qaraǵan edi.

A.I. Belyaev qaraqalpaqlar arasındaǵı bunday materiallar tuwralı tómendegilerdi jazadı.

«Áyyemgi rus jılnamalarındaǵı bul Ǵchernıe klobukiǴ diń ótken ómirin úyreniw ústinde islewdi qálewshi adamlardıń tezirek tabılıwın qáler edik. Qaraqalpaq xalqınıń yadında usı waqıtqa shekem hár túrldiańızlar, jırlar hám poemalar kóp saqlanǵan». Usı qatarlardıń avtorı hátteki Batıyxan tuwralı hám onıń Rossiyaǵa islegen shabıwılı tuwralı qaraqalpaq jırshılarınan kóplegen qosıqlar esitti. Biraq tilekke qarsı, bizden biyǵárez jaǵdaylarǵa baylanıslı bul qosıqlar jazıp alınbay qaldı.[2]

«Xiywanıń tariyxıy mazmundaǵı qol jazbalar kitaplarında qaraqalpaqlardıń ótken ómiri tuwralı, olardıń basshılarınıń Xiywanıń joqarǵı hákimlerine qarsı ózleriniń azatlıǵı ushın júrgizgen urısları tuwralı júdá kóplegen maǵlıwmatlar tabıwǵa boladı»[3]

---

[1] Валиханов Ч.Ч. Сочинения. Спб. 1904. 23-бет
[2] А.И Беляев. Сказания об Едиге и Токтамыш. Каракалпакская народная поэма. Т., 1947, 26-бет
[3] Бул да сонда, 34-бет

Qaraqalpaqlar óz aldına xalıq bola baslaǵan dáwirinen baslap-aq xalqımızdıń arasında saqlanıp kiyatırǵan tariyxıy dástanlar («Qırıq qız», «Máspatsha», «Alpamıs») dan basqa da tariyxıy ańızlar ushırasadı. Olar Ormambet biy, Baraq batır, Tawkexan, Maman biy hám basqa da xalıqtıń siyasiy tariyxında belgili orın iyelegen tariyxıy adamlarǵa baǵıshlanǵan. Bul materiallardıń áhmiyetliligi sonda, xalıq olarǵa óz pikirin, ideyasın beredi. Bul pitkirler, ideyalar gey waqıtları sol adamlardıń tariyxıy bahasına sáykes keledi. Máselen, qaraqalpaq tariyxında Maman biy atı biraz batır tuwralı pikirler úlken áhmiyetke iye.

Jiyen jırawdıń bunday bahalı tariyxıy shıǵarmalardı bilmewi múmkin emes edi. Jiyen jıraw óziniń dáslepki bilimlerin, ruxıy dúńyasın Túrkistanda Xoja Axmet Yassawiy medresesinde aldı. Ol jer eń áyyemgi dáwirlerden baslap ruwxıylıq orayı. Ullı saqıpqıran Amir Temurdıń názeri túsken Ullı Xoja Axmet Yassawiydiń watanı. Bul jerler qaraqalpaqlardıń xalıq bolıp qáliplesken ájayıp úlkeleriniń biri. Usı jerde qaraqalpaqlar úlken diyxanshılıq mádeniyatların payda etken. Ullı medreselerde bilim alǵan. Jiyen jırawda usı jerde

Alalay menen bulalay,
At bolmayma jorǵa tay,
Jer shılımǵa kestim nay,
Ertede ótken Ernurtay,
Onnan soń ótti Amanbay,
Xanım sendey bolǵan joq.
Din musılman balasın,
Qosaqlap qoyday qırǵan joq.[1]

Informatorlardıń aytıwı boyınsha solay etip Jiyen jıraw aman qalǵan. Mine, usı bir kupletti oqıp otırǵanda biziń kóz aldımızǵa joqarıda táriyp etilgen shabılıw

---

[1] Rawaj Reyipnazarov. Taxtakópir rayonında jasaǵan. Ózbekstan ilimler Akademiyası Qaraqalpaqstan bóliminiń til hám ádebiyat institutı. Dialektologiya hám til tariyxı sektorınıń materialları. 1-dápter (jazǵan Xamidov U.)
2 Bul da sonda.

kartinası ata-babalarımızdıń ayanıshlı awhalları bolǵan waqıyqıy tariyxıy waqıya keledi. Yamasa:

«Amanbaydıń ala atı,
Qoltıǵında qanatı,
Amanbay jawǵa shapqanda,
Jarqıldaydı polatı»[2]

degen qosıqtı Jiyen jıraw shıǵarǵan hám Ábilqayır xanǵa aytqan deydi. Bul qosıq qatarlarınan hám informatorlardıń maǵlıwmatınan eki nárseni anıqlawǵa boladı. Birinshiden, bul qosıqlar Jiyen jırawǵa tiyisli bolıp, Berdaqtıń «Shejire»sinde hám xalıq ańızlarında ushırasatuǵın Amanbay tuwralı, onnan keyin Jiyen jıraw hám Ábilqayırdıń

Maman paqır ne qılsın,
Aytıp atır durısın.

Orınbay qaraqalpaqlardıń Jańadárya boyında otırǵan gezindegi biylerdiń biyi. Ol Xiywa xanlarınıń qaraqalpaqlarǵa júrgizgen agressiv siyasatında baslı rol oynap óz xalqına qıyanet etken adam. Joqarıdaǵı keltirilgen xalıq arasına keń taralǵan kuplet qosıqta da xalıq oǵan óziniń jek kóiwshilik sezimin bildiredi, onı qazaq xalqına shabıwıl shólkemlestire bergeni ushın ayıplaydı. Mine, solay etip, miynetkesh jalıq miynetkesh qazaq xalqına degen óziniń doslıq sezimlerin bildiredi.

Qaraqalpaq xalqınıń ulıwma rawajlanıwına óziniń unamsız tásirin tiygizgen 1743-jılǵı qıs ayındaǵı qaraqalpaqlarǵa qarsı islengen qanlı shabıwıl xalıq yadında uzaq saqlanıp kelgen. Usı shabıwıl nátiyjesinde qaraqalpaqlar óziniń otırǵan territoriyasın taslap, tım-tıraqay Orta Aziya túpkirlerine, bir toparı Xorezmge, ekinshisi Jańa dáryaǵa, birqanshaları Sırdáryanı boylap Ferǵana oypatına hám jáne Zaravshan jaǵalarına ısırılıp kóshken. Sol 1743-jılı shabıwıldıń kartinaların xalıq

óz yadında saqlap biziń kúnlerimizge jetkergen. Máselen, «Ábilqayırxan qaraqalpaqlardıń iri baslı mıń adamın uslap alıp, gúwenlep qoyıp qılısh penen shawıp óltirgen. Shetinen óltirip kiyatırǵanda solardıń ishinde Jiyen jıraw bar eken. Jiyen eń keyninde baylawlı turǵan eken. Jiyenniń aldında bes-altı adam qalǵan»

Jiyen jıraw júdá kóplegen shıǵarmalar qaldırǵan. Jiyen jıraw qaraqalpaq dástanları «Alpamıs», «Edige», «Maspatsha», «Erqosay», hám basqada kóplegen milliy qaharmanlıq dástanlar dóretiw menen birge (olardıń sanı 20 dan aslam) óziniń qálemine tiyisli birneshe poemalar, onlaǵan lirikalıq qosıqlar dóretken. Bul dóretpeler ásirlerden asıp, xalıq yadında saqlanıp biziń kúnlerimizge shekem jetip keliwiniń sebebi bul shıǵarmalar xalıq júreginen tereń orın alǵan Qaraqalpaq xalqınıń basınan ótken júdá awır sotsiallıq siyasiy katostrofalıq jaǵdaylar tuwralı keyingi áwladlarǵa altın sóz óshpes iz qalǵan. Onıń sózi xalıqtıń júregine jaqın bolǵan. Onıń muzıkalıq shıǵarmaların, dástanların (poemaların) jırawlar jırlap, jay adamlarda yadlap alıp áwladlarǵa ótkendegi áwladlar tuwralı xabar sıpatında jetken. Qaraqalpaq xalqınıń táǵdiri Jiyen zamanında da júdá awır boldı. Qaraqalpaqlar Sırdárya boylarında úlken diyxanshılıq mádeniyatın dúzdi. Qalalar saldı. Sırt mámleketler menen diplomatiyalıq qatnasıqlar ornatıwǵa háreket etti. Biraqta bul háreketlerge qońsı mámleketler túp-tırnaǵı menen qarsı boldı. Qaraqalpaqlar ústine áskeriy atlanıs shólkemlestirildi. Olar ózleriniń otırǵan jerlerin taslap, basqa jerlerge kóshiwge májbúr boldı.

Olar Sırdárya boylarınan Tashkent, Shinaz, Samarqand, Qashqadárya tárepke kóship ketiwge májbúr bolıp, bul jerdegi xalıqlar menen aralasıp, migratsiya hám assimilyatsiya máselelerin óz basına keshirdi. Nátiyjede qaraqalpaqlar Jiyen zamanında óz basınan awır zulımlıqlardı óz kózi menen kórdi.

Jiyen jırawdıń kóplegen shıǵarmaları xalıq arasınan jazıp alınǵan. Onıń mayda qosıqları ásirese, «Xosh bolıń doslar», «Júregimde kóp daǵım», «Kórgende

kewlim bolar xosh» hám basqada shıǵarmalarında xalıq basınan ótken waqıyalar sáwlelenedi[1].

1723-jılı Qaraqalpaqlar otırǵan territoriyaǵa Jungar basıp alıwshıları basıp kirgen. Bul basıp alıwshılıq qaraqalpaqlarǵa júdá awır jaǵday bolǵan. 20 jıldan keyin taǵı úlken shabıwıl bul qazaq xanı Abulxayır xan shabıwılı bolǵan. Bul qaraqalpaqlardıń tariyxında júdá awır qayǵılı waqıya bolǵan. Bul qayǵılı waqıyanı da Jiyen jıraw basınan keshirgen. Al taǵı 20 jılǵa shamalas waqıt ótkennen keyin qaraqalpaqlarǵa taǵı bir ólken topılıs bolǵan. Ol qaraqalpaqlardı, sonıń ishinde Jiyen jıraw otırǵan Jańadárya hám Quwandárya boylarında bolǵan. Qaraqalpaqlar bul jerde Abulxayır xan shabıwılınan keyin birneshe 10 jıllar dawamında otırıp, úlken kanallar qazıp, diyxanshılıq mádeniyatın dúzgen edi. Olar Jańadáryanı jańadan qazıp shıqqanı ushın sol dáwirde-aq Jańa dárya yamasa Qaraqalpaq dárya dep atalǵan edi. Bul jerde de olar tınısh otıra almay, onıń otırǵan jerine qazaq sultanı basshılıǵında Eralı sultan shabıwılı ámelge astı.

Qaraqalpaqlar tumlı-tusqa, bir jaǵı Buxara tárepke, bir jaǵı Qashqadárya, Surxandárya tárepke qaray, bir tárepi Tashkent, Shinaz, Túrkstan, Shımkent, Samarqand tárepke, Nurata, Bulunǵur tárepke kóship ketiwge májbúr bolǵan. Jiyen jıraw bul tariyxıy kartinanı óz kózi menen kórdi. Qaraqalpaqlardıń birqansha bólegi Ámiwdárya boylarına, Dáwqara, Kókózek boyların hám basqada jerlerge posıp kóshiwge májbúr bolǵan.[1]

Qaraqalpaqlar jasaǵan Jańadárya hám Quwandárya boyları bul dáwirde úlken diyxanshılıq rayonı bolǵan. Jańadárya hám Quwandáryadan suwlar tolıp-tasıp aǵıp turǵan. Bul dáryalardıń tolıqlıǵı sonshelli adamlar óz qayıqları menen Dáwqaraǵa, al onnan arman Xorezm jerleine barıp kelip sawda satıq islerin islegenligi tuwralı kóplegen maǵlıwmatlar ushırasadı. Al Dáwqara bolsa úlken

---

[1] Karimov A. Jiyen jırawdıń ómiri hám tvorchestvosı.N.,1963, 33-bet

[1] Каримов А. Жизнь и творчество Жиена-жирау. Автореферат , Ташкент, 1964. 6-бет

teńiz bolǵan. Xiywa xanı Xajımxan dáwirinde bul teńiz házirgi Taxtakópir rayonınıń derlik barlıq jerlerin iyeleydi. Adamlar balıqshılıq penen onıń dógeregindegi jerlerde diyxanshılıq hám sharwashılıq penen shuǵıllanǵan. Jańadárya hám Quwandáryada jasawshı qaraqalpaqlar Aral walayatında qaraqalpaqlar menen tıǵız baylanısta bolǵan. Olar suw jolı, qurǵaq kárwan jolı bolǵan Dáwqara bası degen jol arqalı hám basqa da jollar arqalı Ámiwdárya boylarındaǵı aǵayınları menen tıǵız baylanıslarǵa iye bolǵan. Olar biri biriniń toylarına barǵan. Toylar bolsa ol dáwirlerde baqsı jırawlarsız bolmaǵan. Baqsı jırawlar bolsahámme dáwirlerde de qaraqalpaqlar hám kóshpeli xalıqlar ushın ruxıylıqtıń eń tiykarǵı shárti bolǵan. Hásh bir toy mereke baqsı jırawlarsız ótpegen. Ásirese jırawlar namaları qaraqalpaqlardı óz ata-babalarınıń ruxıy turmısı menen tanıstırǵan. Sonıń ushın da sazǵa, muzıkaǵa, dástanlarǵa qaraqalpaqlar júdá qumar bolǵan. Sonıń ushında qazaq xalqınıń ullı danıshpan tariyxshısı bolǵan Abay da qazaqtıń xalıq muzıkasına júdá joqarı baha bergen.

Qaraqalpaqlardıń Sırdárya boyında otırǵan awıllarıń kórip qaraqalpaqlar sahradaǵı eń birinshi muzıkantlar hám tariyxshılar dep baha bergen. Bul toylarǵa, álbette sol dáwirdegi ataqlı qaraqalpaq sóz ustası bolǵan Jiyen jırawda qatnasıp óziniń ájayıp sazı menen, sózi menen xalıqtı ruxıy jaqtan tárbiyalawǵa úlken úles qosqan. Ózbekstan Ilimler Akdemiyası Qaraqalpaqstan bóliminiń qoljazbalar fondında Jiyen jırawdıń atına baylanıslı, onıń muzıka mádeniyatına qosqan úlesi tuwralı qaraqalpaq ádebiyatshıları, tariyxshıları, muzıka izertlewshileri kóplegen maǵlıwmatlar jazıp alǵan. Bul materiallar, qoljabalar fondında saqlawlı. Onda Jiyen jolı degen arnawlı jol bolǵanlıǵı, qaraqalpaq dástanları «Alpamıs», «Edige», «Qoblan» hám basqada qaraqalpaq dástanların atqarǵan waqıtları qaraqalpaq jırawları usı jolǵa salıp aytqanlıǵı tuwralı maǵlıwmatlar jazıp alınǵan. Bul maǵlıwmatlarda qaraqalpaq xalqınıń XVIII ásirdegi ruxıy hám tariyxıy turmısı tuwralı kóplegen maǵlıwmatlar saqlanǵan.

XVIII ásir ulıwma Orta Aziya xalıqlarınıń turmısında jawgershilik zamanı bolǵanlıǵın Jiyen jıraw arnawlı atap kórsetedi. Ol óziniń shıǵarmasında jawgershilik kóp boldı dep jazadı. Usı bir qatar sózleriniń Jiyen jasaǵan zaman tariyxın tereń túsiniwge hám tariyxıy juwmaq jasawǵa boladı. Jiyen jıraw 1730-jılı tuwılǵan dep juwmaq shıǵarǵan bolsa, Jiyen jıraw tvorchestvosın tunǵısh izertlegen ilimpaz filologiya ilimleriniń kandidatı Artıq Karimov bul jıllarda qaraqalpaq xalqınıń aldınǵı qatardaǵı ullları keleshekte qanday jol menen qaraqalpaq xalqınıq xalıqlıq pútinligin saqlap qalıw máselesi kún tártibinde turǵan waqıtları Jiyen jırawdıń jaslıq shaqları, balalıq dáwiri ótti.

Bul jerge házireti Turkistanǵa, onda jerlengen Xojaaxmet Yassawiy Mavzoleyine qaraqalpaqlar bárhama ziyaratqa kelip, ózleriniń piri dep Xojaxmet Yassawiydi sanaǵan. Xojaxmet Yassawiy jaylasqan din házireti mákanı bolǵan bul jerde kóplegen diniy oraylar, meshit hám medreseler kóp bolǵan. Olardıń kóp muǵdardaǵı waqım jerleri vaqf jerleri bolǵan. Bul jerler arqalı onnan óndiriletuǵın ónimlerdiń esesine diniy orınlar, olarda sabaq beretuǵın ulamalar kún-kóris deregi bolǵan. Túrkstanda judá kóp xojalar, seyidler jasaǵan. XVIII ásirde olar bul qalada judá kóp jasaǵanları tuwralı aytıwǵa boladı. Bul jerde káramatlı orınlar, din ulamalar qábirleri jaylasıp, bul jerde qaraqalpaqlardıń ata-babaları otırǵan. Olar Xárezm menen de tıǵız baylanıslı bolǵan. XVIII ásirde Sırdaryanıń bir tarmaǵı Kuwandárya Aral teńizine kelip qosılǵan. Al Jańadárya bolsa, bular qaraqalpaqlardıń ózleriniń qolı menen qazılǵan úlken dárya bolıp, bul dárya Dáwqara kóline shekem qosılıp aǵıp turǵan.

Bunıń eki jaǵasında qalıń el bolıp Sırdaryadan shıqqan qayıqlar Dawqaraǵa shekem onnan Ózbek arqalı Aral teńizine, bir jaǵı bul dárya arqalı Ámiwdáryaǵa kelip qosılǵan.

## II bap. Annaqul shayır shıǵarmalarında qaraqalpaq xalqınıń sociallıq turmısınıń sáwleleniwi.. .

### 2.1. Annaqul shayırdıń ómiri hám dóretiwshiligi.

XIX-ásirdiń ekinshi yarımı XX ásirdiń basında qaraqalpaqlardıń tariyxıy sociallıq hám ulıwma jámiyetlik turmısında úlken waqıyalar júz beredi. Ásirese, bul dáwirde qaraqalpaqlardıń gá tolıǵı menen Xiywa xanlıǵına qarap turǵan gá qaraqalpaqlardıń yarımı Patsha rossiyasınıń koloniallıq rejimin basınan keshirip otırǵan dáwirleri boldı. Sol sebepli, elde tolıq bir turaqlı jámiyetlik jaǵdaylar bolmaǵanlıqtan, ekspluatatorlıq zulımlıqlardıń da elde kúsheygen waqıtları edi. Eń baslısı, qaraqalpaqlar aymaǵında usı ádalatsızlıqlarǵa qarsı xalıq azatlıq gúresleriniń de kúsheygen waqıtları boldı. 1855-1856-jıllarındaǵı Xiywa xanlıǵınıń zulımlıǵına qarsı Ernazar alakóz baslaǵan xalıq azatlıq gúresleri 1858-1859-jj bolǵan Qońırat kóterilisleri tariyxımızda ádewir óz izlerin qaldırdı.

Bunday eldegi jámiyetlik jaǵdaylar elde milliy oyanıw sezimlerin payda etti. Bárinen de burın xalıqtıń aldıńǵı qatarlı adamların háreketke keltirdi. Elde júda kóp sawatlı dóretiwshilik islerge uqıplı xalıq shayırları kóp edi. Máselen, Annaqul Mámbetxoja ulı, Qorazbek Razbek ulı, Begjan Nurım ulı, Sıdıq Toqpan ulı, Omar Súyirbek ulı, Jańabay Qaratay ulı, Ayapbergen Muwsa ulı qusaǵan jas talantlı shayırlar júda kóp edi. Bular barlıǵı usı qaraqalpaqlardıń turmısındaǵı tariyxıy jaǵdaylardı xalıq penen birge óz baslarınan keshirip atır edi.

Kórkem ádebiyattıń ózi jaǵdaylardan, sociallıq sharayatlardan, siyasattan azıqlanıp dóreletuǵın processler edi.

Sol sebepli dáwir dawrıqları bulardıń dóretiwshiligine qozǵaw salıp jiberdi. ásirese, bunday zamanda hár bir insannıń tuwǵan jerin, elin, adamların súyiw, patriotlıq sezimlerin oyatıw birinshi mártebe óz dóretiwshiliginde usı motivti

kúsheytiw tendenciyası alǵa shıqtı. Bul patriotlıq sezim hámmenińi aslı temasına aylandı.

Bular ózlerinen burınǵı ótken Jiyen, Kúnxoja, Ájiniyaz, Ótesh shayırlardıń dástúrlerin dawam ettirip, jańa jaǵdaylarda óz dóretiwshiligine úlken juwapkershilik penen qaradı. Bul bir jaǵınan óziniń elin súyiw pazıyletlerin oyatıw, basqalardıń bul haqqındaǵı arzıw-ármanların jırlaw dep túsindi.

Usılardań eń ishinde talantlısı, eń sawatlısı Annaqul Mámbetxoja ulı boldı. Annaqul Mámbetxoja ulı 1841-jılı Shımbay uezdiniń Qaraózek bolıslıǵında, Kók ózek boyında diyxan shańaraǵında dúnyaǵa keldi. Ol balalıǵınan Kók ózek, Kók, Bardam degen jerlerde ótkerdi. Awıllıq mektepte oqıp, sawat ashtı. Biraq jarlılıqtıń sebebinen qúdireti jetip, Xiywa, Buxara ya Baǵdad, Stambul medreselerine barıp oqıy almaydı. Biraq, onıń qosıqtı jazıp dóretkendey sawatı boldı.

Shayırdıń tuwılǵan jeri, ósken tárbiyalaǵan mákanı, awılı, eli-xalqı haqqında «Bekpan shaǵlıda», «Kók ózek boyı», «Kók ózek», «Barmeken», «Qızlar», «Ósken jerim» atlı qosıqları bar. Olarda:

Anamızdan tuwıp kemalǵa kelgen,
Tańlanıp jaqsı hám jamandı kórgen.
Azǵana ómirde dáwranlar súrgen,
Kózime ıp-ısıq Kók ózek boyı.[1]

Annaqul shayırdıń ómirine hám dóretiwshiligine baylanıslı maǵlıwmatlar 1930-jıllardan baslap qaraqalpaqlar ishine shólkemlestirilgen ekspediciyalar dáwirinde baslandı. 1930-jıllarda Annaqul shayırdıń dóretiwshiligi boyınsha kóp maǵlıwmatlar jıynaldı. Olardıń barlıǵı Ózbekstan Ilimler Akademiyası qaraqalpaq bóliminiń N.Dáwqaraev atındaǵı fundamental kitapxanasındaǵı qol jazba fondında saqlanadı. Annaqul shayırdıń ákesi, anası, tuwǵan-tuwısqanları, aǵayinleri de

[1] Tleumuratov M. Qaraqalpaq poeziyası – tariyxıy derek. N., 1995, 124-126 bb.

sawatlı adamlar bolǵan. Ásirese onıń Mırzaǵul degen bir balası da shayır bolǵan. Annaqul jas jigit waqıtlarında júdá kóp qosıqlar jazǵan. Biraq onıń jazǵan qosıqları sol jıllardaǵı mádeniy miyrasqa arnawlı bolǵan repressiya jılları arab háribi menen jazılǵanlıqtan joq etilgen.

Ol dáwirde ulıwma kóp mádeniy miyraslar joq bolǵan. Annaquldıń kóp qosıqları 1934-jıldan baslap «Qaraqalpaq ádebiyatı hám iskusstvosı» jurnalında tınbay járiyalanıp turdı. 1940-jılı «Qaraqalpaq xalıq tvorchestvosı» degen kitapta óz dáwirindegi jıynalǵan shıǵarmalarınıń kóbi basılıp shıqtı.

Elden jazıp alǵan maǵlıwmatlarda Annaqul jas jigit waqıtlarında kóp ellerdi, kóp xalıqlardı aralap kórgen. Máselen, Gúrlen, Shabbaz, Charjau, Qızıl Orda, Qazalı jaqlarda bolǵanlıǵı haqqında maǵlıwmatlar bar.

Shayırdıń «Barmeken» degen qosıǵı bar. Sol qosıqtı dáliyil etip birewler Annaqul shayır talap qılıp jat jurtlarda kóp júrgen deydi. Bul qosıqta da saǵınısh sezimler kóp aytıladı. Onnan soń «Qızlar», «Qızlardıń», «Tawıp ber», «Gulbazar», «Aman júr» shıǵarmalarında bul motivler bar. Buǵan qarap úzil-kesil úlken ádebiyat ǵayratkerleriniń jaǵdayların sheship taslawǵa bolmaydı.

Annaqul shayırdıń dóretpesi arnawlı izertlewge turarlıq tulǵa. 1946-jılı N.Dáwqaraevtıń kandidatlıq dissertaciyasında Annaqul shayırdıń dóretiwshiligi jaqsı tilge alınadı.[1]

Qaraqalpaqstan Respublikası Ilimler Akademiyası tariyx, til hám ádebiyat institutı xızmetkerleri tárepinen shólkemlestirilgen ilimiy ekspediciya qaraqalpaq xalqınıń tariyxı hám mádeniyatı boyınsha bir qansha materiallar toplaydı. Sonıń ishinde qaraqalpaq xalıq shayırı Annaqul Mámbetxoja ulınıń ómiri hám dóretiwshiligi haqqındaǵı maǵlıwmatlar ádewir qızıǵıwshılıqlar tuwdıradı. Ekspediciya barısında Annaqul shayırdıń aqlıqları, onı kórgen hám biletuǵın adamlar menen ushırasıp sóylesip, bul shayır haqqında maǵlıwmatlar alındı.

[1] A.Karimov, A. Kojıkbaev. Xalıq shayırları. Toplam. N., 1983,64-65 bb.

Annaqul shayır 1841-jılı Shımbay uezdiniń Qaraózek bolıslığında Kókózek boyında dúnyaǵa kelip, qaraqalpaqtıń múyten ruwınıń teli tiyresinen bolǵan. Onıń ákesi Mámbetxoja degen adam júdá jarlı bolıp ótken. Mámbetxojanıń Xanzada, Nazlı degen eki qızı hám Annaqul degen bir balası boladı.

Annaqul shayırdıń qızı Biybajardıń hám onıń aqlıǵı Xojaqulov Dánequldıń maǵlıwmatları boyınsha Annaqul shayır 95-jasında 1936 - jılı qaytıs bolǵanlıǵın tastıyıqlaydı.

Biybajardıń aytıwı boyınsha, Annaqul shayırdıń ólgen jılı óziniń qızı Ulbiykeniń tuwılǵan jılı edi deydi. 1940 -jılı Qaraqalpaqstannıń til hám ádebiyat izertlew institutı tárepinen shıǵarılǵan «Qaraqalpaq xalıq tvorchestvosı» atlı kitabında Annaqul shayırdıń ólgen jılı 1936-jılı dep kórsetilgen. Bunnan sońǵı kitaplarda, atap aytqanda 1958-jılı hám 1961-jılǵı S. Axmedov, B. Ismailov avtorlıǵında basıp shıǵarılǵan orta mekteptiń 9-klassları ushın qaraqalpaq ádebiyatı sabaqlıǵında Annaqul shayırdıń qaytıs bolǵan jılı 1916-jıl dep nadurıs kórsetilgen. Usı kitaplarda onıń tuwılǵan jılı da 1860-jılı dep nadurıs kórsetilgen.[1]

Annaqul shayır Kók ózek dáryasınıń Aral teńizine quyatuǵın jerleri Aqbóget, Batpaq ótkel, Teris túbek, Bekpan shaǵıl degen jerlerde mákan etip kún keshirgen. Onı óziniń «Kórer kúnler barmeken» qosıǵınan kóriwge boladı.

Otırǵan ellerim teńiz etekte,
Kók ózek ayaǵı teris túbekte,
Batpaq ótkel, taw etegi, júyrikte,
Ósken jerdi kórer kúnler barmeken.

Jáne bir qosıǵında shayır óziniń ne nárse menen shuǵıllanatuǵınlıǵı haqqında maǵlıwmat beredi.

On altı jasımda buzawlar baqqan,
Kúnine bes júz baw pishenler orǵan,

[1] Tleumuratov M. Qaraqalpaq poeziyası – tariyxıy derek. N., 1995, 124-126 bb

Kózime ıp-ısıq Kók ózek boyı.

dep Qazalıda talap etip júrip jazǵan qosıǵınan kúriwge boladı.

Annaqul shayır óziniń shıǵarmalarında sociallıq teńsizlikti, jarlı xalıqtıń awır awhalın súwretleydi. Onıń «Qazıwda» degen qosıǵında qazıw jumıslarındaǵı diyxanlardıń awır jaǵdayın, ekspluatatorlardıń qazıw sistemasın qalay alıp barıwları haqqında real kartinanı elesletedi. Sociallıq teńsizlikti áshkaralaytuǵın shıǵarmalarına «Oraz aldı» qosıǵı da kiredi. «Oraz aldı» qosıǵında zulım eziwshilerdiń turpayı háreketleri, olardıń jarlı xalıqtıń qolındaǵı múlkin tiykarsız tartıp alǵanlıǵın qaralaydı.

Azaplap deneni uwlatıp,
Atqan oqlarday zuwlatıp.
Bala-shaǵanı shuwlatıp,
Bar tapqandı Oraz aldı.

Tariyxıy maǵlıwmatlardan belgili bolıwınsha, Oraz qaraqalpaqlardıń Patsha Rossiyası tárepinen basıp alınıwına shekemgi Ámiwdáryanıń oń tárepindegi qaraqalpaqlardı basqarıp otırıw ushın xan tárepinen qoyılǵan atalıq bolǵan. Patsha Rossiyası tárepinen Xiywa xanlıǵı jawlap alınǵannan soń atalıq saplastırılıp, Orazdıń balası Áwez aqsaqal boldı. «Qazıwda», «Oraz aldı» qosıqlarında ushırasatuǵın Oraz, Áwez, Arzımbet xalıqtıń iri wákilleri bolǵan.

Annaqul óziniń «Dámeń barma bolıslıqtan» degen qosıǵın bolıslıqqa saylaw gezinde jazǵan. Shayırdıń qosıǵınan kóriniwinshe, Annaquldıń Arzımbet qusaǵanlarǵa qarsı bolǵanlıǵı ushın Annaquldı saylawǵa jantastırmaǵan. Annaquldıń ústinen hár qıylı ósek sóz taratqan.

Annaqul mınaday dep jazadı
Qolıńa alıp kesekti,
Ayttıń irtalay ósekti.
Jazıqsız urdıń eshekti,

Bolıslıqtan dámeń barma.

«Saylanǵan aqsaqalǵa» degen qosıǵında shayır aqsaqaldıń turpayı háreketleri menen birge onıń xan zamanındaǵı atalıqqa uqsaytuǵının kórsetedi.

Aqsaqal bolıpsań xalıqqa,
Shıǵıpsań taza salıqqa.
Mına pıǵlıń atalıqqa,
Uqsas gereńniń balası.

Solay etip, qaraqalpaqlardıń kolonial dáwirindegi saylaw sisteması haqqında Annaqul óz dóratiwshiliginde zamanlas shayırlar menen salıstırǵanda biraz táwir maǵlıwmatlar bere aladı. Bul nárse  onıń dóretiwshiliginiń qımbatlı jaqlarınan esaplanadı.

Jarlı balıqshılardıń sociallıq awhalın, olardıń hám jaǵdayın, hám turmısın shayır óziniń «Aman júr» degen qosıǵında

Shıptadan úyin jabalmay,
Kún-tún isler dem almay.
Kólden bir shabaq tabalmay,
Shamurat aǵań aman júr.

Tósek salıp qamıs qosqa,
Talabı joq onnan basqa.
Awılda jumıssız bosqa,

Pirnazar qáyniń aman júr dep ózine uqsaǵan Shamurat, Pirnazar sıyaqlı kóp sanlı jarlı balıqshılardıń awır turmısı haqqında sóz etedi. Shayır sol dáwirdegi xalıqlardıń awır jaǵdayları haqqında «Ketermen» degen qosıǵında da bayanlaydı. óziniń de jaǵdayın sol waqıttaǵı ózine usaǵan jarlılardıń awır turmısı menen baylanıstıradı.[1]

---

[1] Tleumuratov M. Qaraqalpaq poeziyası – tariyxıy derek. N., 1995, 128-129 bb.

Annaqul shayır óziniń tuwǵan jerin, ósken elin shınnan súygen. Onıń ósken jeriniń tábiyatı, sol jerdiń kórki bolǵan miynetkeshleri haqqında súwretlewlerge bay bolǵan qosoıqları bar. Onıń bunday qosıqlarına «Kók ózek boyı», «Kórer kúnler barmeken», «Bekbay shaǵlıda» degen qosıqları kirip, bul qosıqlar Watansúwiwshilik ideyalarına bay.

Anamızdan tuwıp kemalǵa kelgen,
Tańlanıp jaqsı hám jamandı kórgen.
Azǵana ómirde dáwranlar súrgen,
Kózime ıp-ısıq Kók ózek boyı.

Qırǵawıl, qoyanǵa duzaqlar qoyǵan,
Hayt-haytlap toǵayda iyteli salǵan.
Kúnine bes júz baw pishenler orǵan,
Kózime ıp-ısıq Kók ózek boyı.

-dep óziniń tuwǵan hám ósken jerine bolǵan muxabbatın aytadı.

Anaqul shayırdıń shıǵarmalarındaǵı hayal-qızlar haqqındaǵı qosıqları óziniń kórkem súwretleri menen birinshi oqıǵannan-aq oqıwshı ózine eriksiz tartadı.[1]

Qız dáwiri Ámiwdárya suwınday,
Kórseń bári sarı altın puwınday.
Máhálinde piser ǵarbız, qawınday,
Táriypini men aytayın qızlardıń.

Shayırdıń «Kórer kúnler barmeken» qosıǵınan bir kupletin keltireyik

Qız dáwiri Ámiwdárya suwınday,
Kórseń bári sarı altın puwınday.
Máhálinde piser ǵarbız, qawınday,
Táriypini men aytayın qızlardıń.

[1] A.Karimov, A. Kojıkbaev. Xalıq shayırları. Toplam. N., 1983,64-65 bb.

Mine, usınday keltirilgen qatarlardan-aq, Anaquldıń qanday shayırlıq irudiciyaǵa iye bolǵanlıǵı kórinip tur.

Anaqul shayırdıń dúnyaǵa kóz-qarası haqqında aytatuǵın bolsaq, onda onıń shıǵarmalarında joqarıdaǵı aytıp ótilgen unamlı jaqları menen birge onıń ayırım qosıqlarında sheklengenlikler bar ekenligi kúrinedi.

Annaqul shayırdıń jıynalǵan shıǵarmaları házirgi haqıtta biziń qolımızda juda az muǵdarda. Hámmesi bolıp, biziń qolımızda shayırdıń jigarmaǵa shamalas qosıǵı bar.

Annaqul shayır dóretpelernin óz aldına izertlewdi talap etedi. Sebebi, Annaqul shayır Mámbetxoja ulı dóretpesi X1X ásirdiń aqırı XX ásirdiń basındaǵı qaraqalpaqlardaǵı jámiyetlik tariyxtıń bólinbes bir bólegi bolıp esaplanadı.

## 2.2. Annaqul shayır shıǵarmaları - tariyxıy derek sıpatında

Annaquldan tuwılǵan hám ólgen jılları hár qıylı sáneler menen jazılıp tur. Máselen, onı N. Dáwqaraev «1860-jılı tuwılıp, 1916-jılı óldi» - dep kórsetedi. Jańabay Narımbetov, Qırıqbay Bayniyazov, Qurbanbay Ismaylovlardıń baspaǵa tayarlanıwında 1970-jılları N. Dáwqaraevtıń shıǵarmaları tolıq jıynaǵınan ush tomlıq jarıq kórdi. Usı tolıq jıynaqtıń 3-tomınıń 185-186-betlerinde de Annaqul tuwralı maǵlıwmat berilgen. Biraq, jańılıs ketken be yamasa baspaǵa tayarlawshılr avtordıń ilimiy miynetleriniń bir jerinen taza maǵlıwmat tapqanba, qullası N. Dáwqaraevtıń shıǵarmalarınıń 3-tomında Annaqul 1860-jılı emes, 1880-jılı tuwılǵan bolıp berilgen.[1]

Al endi Artıq Karimov penen Ádilbay Qojıqbaevlar baspaǵa tayarlap bastırıp shıǵarǵan «Xalıq shayırları» degen toplamda «Qaraqalpaq ádebiyatı tariyxı» atlı joqarı oqıw orınlarına arnalǵan oqıwlıqta Annaqul Mámbetxoja ulı 1841-jılı tuwılıp, 1936-jılı qaytıs bolǵan etip kórsetilgen.[2] Bul atı atalǵan eki kitaptıń ekewiniń de avtorlarınıń («Xalıq shayırları» kitabı 2 – toplam» dep atalǵan menen bundaǵı hár bir shayırdıń ómir bayanı hám ádebiy miyrası jóninde baspaǵa tayarlawshılar tárepinen jazılǵan. Sonlıqtan, baspaǵa tayarlawshılardı usı kitaptıń avtorları dep otırǵanımızdıń mánisi de usında) biri A.Karimov bul kitaplardın birinshisinde ol Á.Qojıqbaev penen birgelikte Annaqul tuwralı materiallar jıynap, ekinshisinde N.Japaqov penen birge shayırdıń ómiri tuwralı maǵlıwmatlar berip, shıǵarmalarına qısqa tallaw jasaǵan. Biraq, usı eki kitaptıń ekewinen de Annaquldıń ómiri tuwralı maǵlıwmatlar hám onıń tekstlerin xalıq arasındaǵı biletuǵın adamlardan jazıp alıwda A.Karimovtıń da ulken miynet etkenligi belgili bolıp tur. A.Karimov Annaquldıń ómiri tuwralı Á.Qojıqbaev, N.Japaqov penen

---

[1] N.Dauqaraev. Xalıq shayırları shıǵarmaları. N., 1970, 185-186 bb.
[2] A.Karimov, A. Kojıkbaev. Xalıq shayırları. Toplam. N., 1983,64-65 bb.

birge rayonba-rayonlardı aralap arnawlı túrde materiallar jazıp alǵanlıqların, shayırdıń qızın, sonday-aq, jaqın-juwıqlarınan, tuwǵan-tuwısqanlarınan, joldaslarınan, yar-doslarınan tirilerin izlep tawıp, olar menen sóyleskenliklerin, 1841-jılı tuwılıp, 1936-jılı qaytıs bolǵanlıǵın anıqlaǵan. Annaquldıń ómiri jóninde joqarıda atalǵan eki kitapta keltirilgen maǵlıwmat 1962-jılı Taxtakópir, Shımbay, Moynaq, Qońırat rayon átirapında ótkerilgen ekspediciyalar materiallarındaǵı usı shayır tuwralı jazılǵan maǵlıwmatlar menen sáykes keledi. Máselen, Taxtakópir rayonınıń Taxtakópir sovxozınıń besinshi brigadasında jasap atırǵan (múyten ruwınıń teli tiyresinen) 82 jastaǵı Baltabay ǵarrı 1962-jılı ekspediciya aǵzalarına jazǵan maǵlıwmatında bılay degen, «Annaquldıń ólgenine házir 25 jılday boldı. Ol kisi bizden 25 jastay úlken edi».

Egerde Baltabay ǵarrı 1962-jılı 82 jasta bolsa, demek ol 1880-jılı tuwılǵan boladı. Egerde Annaqul bul kisiden 25 jastay úlken bolǵan bolsa, onda onıń tuwılǵan jılı 1855-jılǵa tuwra keledi. Al egerde Baltabay ǵarrı maǵlıwmat bergen 1962-jılı Annaquldıń qaytıs balǵanına 25 jıl tolǵan bolsa, demek ol 1937-jılı ólgen boladı. Kórip otırǵanımızday, shayırdıń qaytıs bolǵan jılı «Xalıq shayırları» hám «Qaraqalalpaq ádebiyatı tariyxı» kitaplarında kórsetilgen onıń ólgen jılı sánesine tuwra kelip tur. Al endi, Annaquldıń tuwılǵan jılı tuwralı Baltabay ǵarrınıń bergen maǵlıwmatı menen joqarıda atalǵan kitaplardaǵı maǵlıwmat arasında on jılday ayırmashılıq bar. Biraq buǵan qarap «Xalıq shayırları» hám «Qaraqalpaq ádebiyatı tariyxı» kitaplarındaǵı Annaqul 1841-jılı tuwılǵan degen sáneni biykarlawǵa bolmaydı. Sebebi, birinshiden, Baltabay ǵarrı Annaqul «bizden 25 jastay úlken edi» degen 25 sánesin shama menen aytıp otır.[1]

Biziń bul pikirimizdi 1962-jılı Qaraqalpaqstan Respublikası Ilimler Akademiyası tariyx, til hám ádebiyat institutı xızmetkerleri tárepinen shólkemlestirilgen ilimiy ekspediciya aǵzalarına sóz jazǵızǵan 62 jasar Taxtakópir

[1] A.Karimov, A. Kojıkbaev. Xalıq shayırları. Toplam. N., 1983, 65 bb..

rayonı turǵını ǵarrı Ábdimuratov Mustapanıń maǵlıwmatı da tastıyıqlaydı: «Annaqul... bir úlken kisi edi» - deydi ol.

Ekinshiden, Annaquldıń óziniń qızı Biybiajardıń bergen maǵlıwmatında shayırdıń 1841-jılı tuwılıp, 1936-jılı ólgenligi aytılǵan. Bul tuwralı maǵlıwmat «Qaraqalpaq ádebiyatı tariyxı» sabaqlıǵında da keltirilgen. Onda bılay dep kórsetilgen «ol 1841-jılı jarlı diyxan semyasında, házirgi Taxtakópir rayonında tuwılǵan. Shayırdıń ákesi Mámbetxojanıń bir ulı (Annaqul), eki qızı bolǵan. Úlken qızı  Xanzada, onnan balalar joq, kishi qızı Nazlınıń Ámir, Tilewmurat degen balaları bar.

Annaqul Mámbetxoja ulı qaraqalpaqtıń muyten ruwınan. Shayır 1936-jılı 95 jasta qaytıs bolǵan. Bul maǵlıwmattı kóp maǵlıwmatshılar, ásirese, shayırdıń qızı Biybiajar tolıq tastıyıqlaydı.

Keltirilgen maǵlıwmatlarımızǵa súyene otırıp, «Xalıq shayırları», «Qaraqalpaq ádebiyatı tariyxı» kitaplarındaǵı «Annaqul 1841-jılı tuwılıp, 1936-jılı qaytıs boldı» - degen pikirge biz de qosılamız hám óz tárepimizden bulardı házirshe (taza, derekli maǵlıwmatlar tabılǵan) isenimli, durıs sáneler dep esaplaymız. 1962-jılı qaraqalpaq ádebiyatı xalıq awızeki dóretpelerpi boyınsha materiallar jıynaw ushın arnawlı shólkemlestirilgen ekspediciya aǵzalarınıń jazıp alǵan maǵlawmatlarına qaraǵanda Annaqul muyten ruwınıń «teli» dep atalǵan tiyresinen, shayırlıq penen qosa ol táwipshilikti de kásip etip, táwipshilikten atı kóp jerlerge tarap xalqına hadal xızmet kórsetken adam bolǵan. Annaquldıń Allamjar, Xojaqul degen balaları, Biybiajar atlı qızı bolǵan. 1995-jılı alınǵan maǵlıwmatlarda, Xojaquldıń Dánequl, Sulayman ismli balalarınıń Taxtakópir rayonınıń «Taxtakópir» APJda úyli-jaylı, mákanlı bolıp jasap atırǵanlıǵı kórsetilgen. [1]

---

[1] N.Dauqaraev. Xalıq shayırları shıǵarmaları. N., 1970, 189-190 bb.

XIX ásirde hám XX ásirdiń bas kezlerinde qaraqalpaq úlkesinen biraz adamlar hár dayım qońsılas Qazaqstan jerlerine ásirese, Qazanlı, Qızıl Orda qalaları aymaqlarına barıp, talap islep turǵan. Bunday jaǵdaydı biz klassik shayırlarımızdıń Ájiniyaz, Omar shayırlardıń ómir bayanı tariyxlarınan da bilemiz. Mine, ayırım jılları kóptiń biri bolıp Qazaqstanǵa talap islep barıp qaytıw Annaqul ómirinde de bolǵan.

Máselen, bir kúnleri Annaqul Qazalı bette talap izlep qaytıw ushın awılınan bes jigit bolıp shıǵıp, keme menen teńizden Sırdáryaǵa túsip, dáryanı boylap júzip kiyatırǵanda, dawıl turıp kemesiniń suwǵa batıp ketiw qáwpi tuwıladı, usınday ólim menen ómir ortasında turǵan Annaqul baslarına dónip turǵan apatshılıq qáwpin súwretlep, qudayǵa sıyınıp, aman qalıwǵa tilek tilep «bir yaratqan mádet ber» degen qosıǵın shıǵaradı. Qosıqtıń qolda bar nusqası házirshe bes shuwmaqtan ibarat. Biraq, sóz jazǵızǵan Qayıpov Qazaqbaydıń bergen maǵlıwmatına qaraǵanda, qosıqtıń keyni kóp bolǵan. Degen menen, bul qosıqtıń usı qolımızda bar bes shuwmaqlıq nusqasınıń ózinen - aq xalqımızdıń ótmishtegi ómiri tariyxınan biraz ashılmay atırǵan sırlardı ańlawǵa boladı, yaǵnıy qosıq mazmunınan qaraqalpaqlar menen qazaq xalqı úlkeleriniń arasındaǵı qatnas tek qurǵaqshılıq jolları arqalı ǵana emes, al suw jolları arqalı da bolǵanlıǵın, ulıwma turmıs tirishiliktiń awırlıǵınan elimizde xaqı alıp isleytuǵın jumıslardıń hámmege jete bermegenliginen kóp watanlaslarımızdıń basqa ellerge sonıń ishinde, tuwısqan qazaq xalqı arasına barıp, jumıs islep qaytıwǵa májbur bolǵanlıǵın bayqaymız.

Annaqul shayırdıń ómir bayanı jóninde biraz isenimli maǵlıwmatlardı shayırdıń óz shıǵarmalarınan da tabamız. Sebebi, onıń ayırım shıǵarmaları óz ómir bayanına arnalıp dóretilgen. Sonıń nátiyjesinde bularda shayırdıń jarlı xojalıqta tuwılıp óskenligi ayırım baylardıń xızmetlerinde jallanıp júrgenligi, Bayman degen jası úlken aǵaydıń eshkilerin baǵıp kóp azaplar shekkenligi, bir tapqanınıń bir tapqanına jetpegenlikleri, anadan tuwılıp kindik qanınıń tamǵan jeri kók ózek boyı

ekenligi, balalıq shaǵınıń bul jerden basqa da Aral teńizi jaǵalawları «Tas bóget», «Bekpan shaǵlı», «Teris túbek», «Batpaq ótkel» atlı elatın mákanlarda ótkenligi, bul mákanlarda, jaylawlarda buzawlar baqqanlıǵı, balıq awlaǵanlaqları, boz yamasa tógin tógilgen atızlarda qawınlar ekkenligi, ara-arasında qus salıp, duzaq qurıp, qırǵawıl, qoyanlar uslaǵanlıqları, pishen menen ńamıs orǵanlıqları anıq aytılǵan.[1] Máselen, onıń «Bekpan shaǵlıda» degen qosıǵında:

«Bekpan shaǵlı elim ata mákanım,
Ballar menen birge oynap júrgenim...
Eshkisin jegizip Bayman atamnıń,
Janın jedi ol da sorlı atamnıń...
Bul shaǵlıda júrdim jeti jıl, jeti ay,
Azap aqıbet penen ómirim ótti-ay»

dep keltirilgen bolsa, «Kóq ózek boyı» qosıǵında:

«Anamızdan tuwıp kámalǵa kelgen,
Tańlanıp jaqsı hám jamandı kórgen.
Azǵana ómirde dáwranlar súrgen,
Kózime ıp-ısıq Kók ózek boyı.
Qazılǵan jerine qawınlar ekken,
Bel tewip bárhama xızmetler etken.
Jaman jerlerine tóginler tókken,
Jaylawım jasımnan Kók ózek boyı.
Qırǵawıl, qoyanǵa duzaqlar qoyǵan,
Hayt-haytlap toǵayda iyteli salǵan.
Kúnine bes júz baw pishenler orǵan,
Kózime ıp-ısıq Kók ózek boyı» - dep keltirilgen.

Al shayırdıń «Barmeken» atlı qosıǵında:

[1] A.Karimov, A. Kojıkbaev. Xalıq shayırları. Toplam. N., 1983,69-70 bb

«Otırǵan ellerim teńiz etekte,

Kók ózek ayaǵı teris túbekte,

Batpaq ótkel, taw etegi, júyrikte,

Ósken jerdi kórer kúnler barmeken» - dep bayanlanǵan qosıqlarında kórsetilgenindey-aq, bul atalınǵan jerlerdiń hesh qaysısında da shayır tuwılǵanınan ómiriniń aqırına shekem jasamaǵan. hár qıylı sharayatlarǵa baylanısılı hár bir neshe jıllardan keyin ol qonıs awdarıp turǵan. Biraq, tuwılıp ósken jasaǵan jerleri bárhama Annaquldıń yadında bolǵan, umıtılmaǵan, yaǵnıy ol jerlerdi, olardaǵı birge júrgen pikirles bolǵa, lekin, táǵdir dálkegi turmıs tirishiligi menen hár qaysısı hár jaqqa ketken jora-joldasların, qatar-qurbıların, kewil jaqın dosların, aǵayinlerin, shayır jiyi-jiyi saǵınǵan hám usı saǵınısh sezimlerin bildirip, qosıqlar da dóretken. Biziń bul pikirimizdi onıń óz qosıqlarındaǵı:

«Jerlerin kórsem aylanar jasım,

Nelerdi kórmedi bul ǵana basım.

Qatar-qurbı birge ósken joldasım,

Kórinedi júrsem Bekpan shaǵlıda.

Álimbet, Eseke, Dosbergen menen,

Jermenniń balası Qosbergen menen.

Joldas boldım bir jıl Durısbergen menen,

Kóktiń boylarında Bekpan shaǵlıda.

Birge oynap ósken ballar jasımnan

Baymurat yadıma túser Shaǵlıda.

Arqa betten kelgen qıysıq Seytmurat,

Bir joramız edi atı Aytmurat.

Kók ózek ayaǵın barge jaylaǵan,

Baspaq baǵıp, óriske mal aydaǵan,

Jasırınıp qalıp asıq oynaǵan,

Matmurattı kórer kúnler barmeken» - dep keltirgen qosıq qatarları da tastıyıqlaydı. Annaqul óz aldına tutin tútetip, xojalıq bolǵannan keyin, diyxanshılıq penen aylanısqan. Diyxanshılıq álbette, suw menen bolǵan. Egislikke jaramlı jerlerden suw jaraytuǵın da, jaramaytuǵın da atızlar bolǵan. Suw jaramaytuǵın atızlar shıǵır yamasa qol serppe arqalı suwǵarılıp egilgen. Annaquldıń shıǵırı bolmaǵan. Ol atızların qol serppe orqalı suwǵarıp, awır miynettiń kóp qıyınshılıqların bastan keshirgen.[1] Biraq, shayır geybir jılları usı awır miynetiniń de ráhátin kóre almaǵan. óytkeni, ayırım jılları qol serppeden egip, kelege keltirgen eginlerin túrli sıltawlar hám dáliyller menen Oraz atalıq tartıp alıp turǵan. Buǵan «Oraz aldı» qosıǵında onıń

«Qol serpe egip Bozjapqa,
Tayın boldı Oraz aldı.
Bala-shaǵanı shuwlatıp,
Bar tapqandı Oraz aldı» degen sózleri de dáliyl.

Annaquldıń qosıqların oqıp otırsaq, joqarıda kórsetilip ótilgen maǵlıwmatlardan basqa da shayırdıń úmir tirishiligin bir qansha táreplernin sıpatlaytuǵın eń baslı máselelerdiń biri onıń balalıq shaǵınan baslap tap bala-shaǵalı, hátteki qartayıp, qaytıs bolǵanǵap shekem kemtarlıqta, joqshılıqta jasawınıń qosıqlarında sáwlelengiwi borlıp tabıladı. Máselen, «Ketermen» atlı qosıǵında:

«Kiyinerge kiyimim joq,
Kósilip jatar úyim joq.
Maǵan as berer biyim joq,
Búyerden qayda ketermen.
Bulardan artıq jazıq joq,
Bala-shaǵaǵa azıq joq.

[1] Jarimbetov K. Qaraqalpaq klassikalıq poeziyasında gazell janrı tuwralı. // «Xabarshı» jurnalı, №3, 1996

Asılarǵa jalǵız qazıq joq,
Búyerden qayda ketermen.
Yaki mashırıqqa ketsem.
Jaqınınnı tezden jetsem,
Endi qay jaqqa ketermen.
Mashırıq maǵan ne berer,
Maǵırıp maǵan ne berer.
Kóz jasımdı kim kórer,
Búyerden qayda ketermen» - deydi shayır.

Annaqul bul qosıǵında jarlılıqtıń tek bir óziniń ǵana basında emes, al tutas eliniń táǵdirine tán awxal ekenligin de atap kórsetken. Buǵan onıń:

«Batarıma kólim joq,
Qonarıma jerim joq.
Shadlanıp turǵan elim joq.
Endi qayaqqa ketermen» - dep kúyinip aytqan qosıq qatarları dáliyl etsek arzıydı. Mine, usı keltirgen mısallarımızdıń ózinen-aq, Annaquldıń ómirinshe qanday turmısta jasaǵanlıǵınan mol túsinik ala alamız. Shayırdıń óz qosıqlarınan anıqlanǵan maǵlıwmatlarımızdı onıń qızı Biybiajardıń jazdırtqan sózleri de tastıyıqlaydı:

«Ákem Aqbóget degen jerde mákan etken júdá jarlı adam bolǵan. Babamız Mámbetxoja da oǵada jarlı adam bolǵan. Onıń jalǵız ulı Annaqul jas bolıp, eki qızı hám hayalı sharıq iyirip, bóz toqıp, onı satıp, xojalıqtı asıraǵan, deydi ol.

Áke jaǵdayın, kún kórisin, turmısın qızınan artıq basqanıń biliw qıyın. Demek, ákesi tuwralı Biybiajardıń jazdırǵan maǵlıwmatlarına tolıq iseniwge boladı. Annaqul shayırdıń ómiri tuwralı N.Japaqov, A.Karimov, Á.Qojıqbaevlardıń «Annaqul tek shayır ǵana emes, qosıq aytıp, duwtar shertken

adam. Shayırdı jaqsı bilgen adamlar hám onıń tuwǵan-tuwısqanları Annaqul 50-60 jaslardan keyin qosıq shıǵarıwdı qoyadı dep maǵlıwmat beredi. Bul

1900-jıllarǵa tuwra keledi. Bunı shayırdıń házirgi bar shıǵarmaları da anıq kórsetedi» - degen pikirleri menen de tolıq kelisemiz. Shınında da Annaquldıń burıńǵı Sovet húkimeti ornaǵannan keyingi dáwirde shıǵarǵan qosıqları izleniwine qaramastan ele xalıq arasınan tabılǵan da joq, jazıp ta alınbaǵan. Usınıń ózinen-aq Sovet húkimeti dáwirinde Annaquldıń qosıq shıǵarıwdı birotala qoyǵanın ańǵara alamız. Biraq bizińshe A.Karimov penen Á.Qojıqbaev dúzgen «Xalıq shayırları» atlı toplamdaǵı Annaquldıń 1900 – jıllırdan keyin qosıq shıǵarıwın birotala qoyıw sebeplerin: «…bunıń sebeplerin qartayǵanda qosıq shıǵarmawdı ózinshe ersi kóriwden dep túsinemiz. Onıń ústine shayır alpıs jaslarınan baslap kózden qalıp qoyadı» - kórsetiwleri basqa da turmısta bolǵan sebepleri menen tolıqtırıwdı talap etedi. Máselen, shayır óz zamanınıń ulı, sol zamanda ol kóziniń kórgenin, sezip bilgenin, ańǵarǵanın jırlaydı, turmıstaǵı, xalıq táǵdirindegi bolıp atırǵan baslı máselelerdi zaman talabınan qozǵaydı. Sonıń ushında bir zamannıń adamın awdarıspaqtıń saldarınan payda etilgen ekinshi jańa zamannıń baxıtına, talabına tez túsine, bar ıqlası menen oǵan berile qoyıwı, óziniń ishki oy-sezimin dúnyaǵa, jámiyetke degen kóz qarası ózgere sala taza zamannıń talabına say jırlar, qosıqlar dóretiwi, bizińshe qıyınıraq. [1]

Mine Annaquldı Sovet húkimeti dáwirinde qosıqlar dóretpewiniń bul bir sebebi bolsa, ekinshi sebebi Sovet húkimeti shayır jazıwshılardan partiyalıq kóz-qarastan jazıwdı eski zamanlardı jamanlap jańa zamandı, yaǵnıy sovet húkimeti zamanı maqtawlardı talap etken jazılǵan shıǵarmalardı siyasat jaǵınan qatań tekserip turǵanlıqtan «ash qulaqtan tınısh qulaq», «qátelessem basım bálege qalar» degen oylarda bolıp, onı qosıq dóretkeli qoyıp ketkenligi bolıwı múmkin. Shınında da Sovet húkimeti dáwirinde, ásirese 30-jılları shıǵarmalarınıń qosıq qatarları

---

[1] A.Karimov, A. Kojıkbaev. Xalıq shayırları. Toplam. N., 1983,73 б.

hátteki ayırım sózleri-aq teris burmalanıp, qáte pikirge aylanıp, nahaqtan «xalıq dushpanı», «sovet húkimetine qarsı» degen ataq penen sotlanıp ketkenlerde az bolmaǵan. Sonlıqtan da Annaquldı usınday mapazlardan, jaǵdaylardan qorıqqan bolıwı da itimal. Juwmaqlap aytqanımızda Annaqul 1841-jılı jarlı diyxan xojalıǵındıa tuwılıp, táwipshilikten atı kóp jerlerge málim bolıwına qaramastan, ómirinshe joqshılıqtıń hám awır miynettiń zardabın tartqan. Biraq kisige qiyanet, jamanlıq islemegen, haq kewil hadal miynetiniń arqasında kún kórgen adam bolǵan. Ol Aral teńizi jaqalawındaǵı «Bekpan shaǵlı», «Kók ózek», «Tas bóget» hám basqa da usı teńizge jaqın jerlerge elatlı mákanlarda jasap, 1936-jılı 95 jasında dúnyadan ótken. Biraq ózi ólse de artında biybaha ádebiy shıǵarmaları qalıp, onıń ismi máńgi ólmeytuǵın xalqımızdıń júreginiń tórinen orın alǵan, qádirdan atqa aynalǵan. Hár bir shayırdıń xalqına qay dárejede xızmet ete alǵanlıǵı onıń dóretken ádebiy shıǵarmaları, sol shıǵarmalardaǵı kóterilgen máseleler menen anıqlanadı. Annaqul shayırdıń ádebiy dóretpeleriniń kópshiliginde miynetkesh xalıq turmısı, tágdiyri baslı másele etip alınǵan, yaǵnıy onıń hár bir shıǵarmasında derlik miynetkesh xalıqtıń muńı muńlanıp, jırı jırlanadı. Jarlılırdıń turmısımızda ushırasatuǵın ayırım zulım baylardıń, hámeldarlardan kórgen azap-aqıretleri dál mısallar menen súwretlenedi. Máselen, XIX ásirde qaraqalpaqalardıń Xiywa xanlıǵına qaraslı bolıp jasaǵan dáwirinde de, 1873-jılı Patsha Rossiyası tárepinen jawlap alınǵannan keyin de ekonomikalıq, texnikalıq jaqtan artta qalıp, bul úlkede hámme jumıslar qol miyneti menen islenetuǵın bolǵan. Kútá kóp sanlı adamlardıń qatnasıwı hám awır miynetleri menen atqarılatuǵın usınday jumıslardıń biri qazıw jumısı edi.

Álbette, diyxanshılıq penen shuǵıllanatuǵın otırıqshı el xalıq ushın qazıw kerek nárse. Óytkeni, jer suwǵarıp, egin egiw, egislik jerlerge suw keltiriw ushın japlar, arnalar kerek. Sonlıqtan da ayırım jaǵdaylarda, uyıq tewip yamasa batıl bolıp qalǵan jap-salmalardı, ózek, arnalardı tazalaw, hátteki, tıńnan jap, ózek,

arnalardı qazıwda turmısta talap etilgen. Bul ómir tirishiligi xalıqtıń kún turmısındaǵı tábiyiyi talap. Biraq, qazıw isine barıwı tiyis. Hámme jaramlı adamlardı teńdey qatnasıwınıń, miynetin teńdey kóriwiniń ornında basshılıq etip júrgen geypara hámeldarlar para bergenlerdi hár qıylı tiykarsız báneler menen úylerinde qaldırıp, qazıwǵa para bere almaytuǵın gileń jarlı adamlardı ǵana quwıp turǵan. Bul qazıwǵa adam aparıwdaǵı teńsizlik, ádalatsızlıq, jazı menen tapqanın qıs azıǵına jetkize almay júrgen jarlı paqırlar ushın awır múshkil edi. Bunıń sebebi, qazıwǵa hár kim óz azıǵı, qural-saymanı, kórpe-tósegi menen baratuǵın bolǵan hám bul miynetlerine olar húkimet tárepinen haqı almaǵan. Bunday jaǵdaydıń qazıwshılar ushın awır ekenligi óz-ózinen túsinikli. Mine, qazıwǵa adam aparıwdaǵı teńsizlikler Annaquldıń usı temada shıǵarma dóretiwine sebep boldı. Shayır qazıwǵa barǵan beldarlardıń biri bolıp is basındaǵı bolǵan bırlıq háreketlerdi, zulımlıqlardı, teńsizliklerdi, haqıyqatsızlıqlardı óz kózi menen kórgenlikten, sol kórgenlerin qosıq etip shıǵarıp, onda turmıstı, qazıw basında júz beregn waqıyalardı dál kórsetiwdi hám olardı keleshek áwlad ushın tariyxıy maǵlvwmat etip qaldırıwdı óziniń azamatlıq wazıypası dep bildi. Sonıń ushın da onıń usı «Qazıwda» atlı qosıǵı kólemi jaǵınan kishkene bolǵanı menen, bunda xalıq turmıslarınıń bir tarawındaǵı úlken jámiyetlik másele qozǵalıp óz sheshimin tapqan. Máselen, usı qosıǵında:

«Birazlar gápten utıldı,
Birewler anıq tutıldı.
Aqsha bergenler qutıldı,
Áwez, Arzımbet qazıwda» -dep shayır, joqarıda kórsetkenimizdey-aq, qazıwǵa barıwǵa tiyisli, iske jaramlı, deni saw, sen tur, men aytayınday kúshi bar taynapır jas jigitlerdi aparıwdıń ornına jasırın para bergenleri ushın olardı úylerinde qaldırıp ǵarrı-jaslıǵına, jumısqa jaramlı-jaramsızlaǵına, awırıw-sawına da qaramastan, gileń paraǵa aqsha tawıp bere elmaǵan jarlı sorlılardı bolıs,

biylerdiń qatlap, zorlıq penen qazıwǵa aparǵanlıǵın aytqan bolsa, qosıqtıń taǵı bir jerlerinde:

«Beldarlardı qoydı qamap,
Xat júzinen kúnde sanap.
Ne birewdi malday sabap,
Áwez, Arzımbet qazıwda.
Qazıwdıń bası qızıl qan,
Neshe mıń beldar alaman,
Tayaqtan óldi neshe jan,
Áwez, Arzımbet qazıwda.
Qazıw sonday aqırzaman,
Ílaydan hám batpaq jaman.
Jan qalıwı oldı guman,[1]

Áwez, Arzımbet qazıwda» - dep qazıw basındaǵı qazıwshılardıń awır, azaplı miynetin, qıyın kún kóris awxalı, hámeldarlardan jegen tayaǵı, hátteki birazınıń tayaqtan, ashtan, kúsh mólsherine say emes qara miynetten ólgenligin ashıq bayanlap bergen. qosıqtıń hár bir qatarı, hátteki hár bir súzi tnrnń mániske iye, hám usı altı shuwmaqlı qosıq qatarlarınan birde artıqmash bos sóz tabıw yamasa bir sózdiń ornına basqa orındaǵa sóz benen almastırıw múmkin emes. Máselen:

«Xat júzinen kúnde sanap,

Ne birewdi malday sabap» - degen qatarlardan qazıwshılardıń kóbisiniń sharshawına, jaramsız bolıp qalıwına, haldan ketiwine qaramastan, erksiz májburiy qısqıǵa ushırap, jumıs etkenliklerin túsinsek:

«Qazıwdıń bası qızıl qan,

Tayaqtan óldi neshe jan» degen qatarlardan qazıw basındaǵı hámeldarlardıń qatallıǵı, miyrimsizligi, zulımlıǵın túsinemiz, qazıwshılardı qıynap, azap-aqıret bergen hámeldarlardıń Áwez, Arzımbet, Amanbay ekenligin shayır ashıq aytqan.

[1] Jarimbetov K. Qaraqalpaq klassikalıq poeziyasında gazell janrı tuwralı. // «Xabarshı» jurnalı, №3, 1996

Bul adamlardıń aldıńǵı ekewi burın kóp jıllar dawamında atalıq bolıp xızmet etken. Orazdıń balaları biri ákesiniń ornına atalıq, ekinshisi bolıs, al Amanbay bolsa arıq aqsaqal:

«Arıq aqsaqalı Amanbay,

Qazıwshı júr jılay-jılay.

Tayaqlar urdı ayanbay,

Bul da bir hákim qazıwda» - dep kórsetken shayır. Zamanında bular «Qılıshınan qan tamǵan» adamlar bolǵan. Biziń bul pikirimizdi qosıqtaǵı:

«Beldarlar jılap qudayǵa,

Batıp sup-suwıq ılayǵa,

Tayaq urdırıp talayǵa,

Áwez, Arzımbet qazıwda» degen qatarlar da tastıyıqlaydı. Xalıqqa zulımlıqları ótkergen usınday hámeldarlardı Annaquldıń búrkemkey basqa atlar menen atamay, atpa-at óz atları menen atawı, onıń haqıyqatlıqtıń, ádilliktiń tárepdarı, watanı, elin súyuetuǵın miynetkesh, xalıqtıń ǵamı ushın, kerek bolsa janın da ayamaytuǵın naǵız er júrek insan ekenliginen derek beredi. Annaquldıń usı «Qazıwda» atlı qosıǵı boyınsha ele de kóp taza pikirlerdi aytıwǵa boladı.

Annaqul óz qosoıqlarında geypara zulım hámeldarlardıń tek qazıw isindegi xalıqqa kórsetken jábir jrpasın súwretlep qoymastan, olardıń jay kundelikli ruwzıgershilik turmıstaǵı elge etken qısımın, zulımlıǵın da dál kórsetken. Buǵan «Oraz aldı», «Saylanǵan aqsaqalǵa» qosıqların mısal etip keltiremiz.

Máselen, «Oraz aldı» shıǵarmasında shayırdıń óziniń Boz jap degen jerge qol serppe qurıp, egin ekkenligi, egin pisip, túyneklenip tayın bolǵan waqıtta atalıq Orazdıń kelip qırmandaǵı qızıllawlı tayın daqıldı tartıp alǵanlıǵı sóz etilgen:

«Serppeni ózi serpkendey,

Áwelden miynet etkendey.

Bar tapqandı Oraz aldı» dep jazı menen ashshı ter tógip islegen miyneti arqasında jetistirilgen drqıldı ekkende joq, tikkende joq Orazdıń «Sınıqtan sıltaw»

tawıp, hámelden paydalanıp alǵanlıǵına shayır qattı ishten kúyinedi, ızalanadı, oǵan nálet aytadı. «Ash penen otı janbaǵan» dep ulıwma jarlı diyxan, sharwalarǵa onıń naǵız qas adam ekenligin bildiredi, álbette heshkim de óz múlkin, bar tapqanın basqaǵa ońaylıq penen bermeydi. Tek qoldan ilájı ketken jaǵdayda ǵana óz múlkinen eriksiz ayrıladı. Sol sıyaqlı «taban et, mańlay teri» menen tayar etken daqıldı Annaqul da Orazǵa ańsatlıqta bermegen, oǵan ol tabanlı qarsılıq kórsetken. Biraq kúsh hámeldar Oraz tárepinde bolıp turǵan kezde, oǵan dadınıń jetpegenligin:

«Taltaqlap basıp ayaǵın

Ne qılayın aytıp oyaǵın

Kerilip urdı tayaǵın

Sóytip basıp Oraz aldı» - dep qırmandaǵı qızıllap, qaplawǵa tayın etip qoyǵan dánin Orazdıń oyda joqta kelip kúsh jumsap zorlıq etip sıltaw menen tartıp alǵanlıǵın shayır anıq kórsetken.

Usı qosıqta Orazdıń tiykarınan kim, qanday pıǵaldaǵı, minez qulıqtaǵı, oy-óristegi, basqalarǵa qanday múnásibettegi adam ekenligi sıpatlanǵan. Máselen,

«Orazdıń ózi onbaǵan,

Úyine qonaq qonbaǵan» - degen qatarlardan onıń negizinen jaqsı adam emesligi, jaman bolǵanlıqtan úyine miyman qonbaytuǵınlıǵı bilinip tur. Orazdıń eki júzliligi, esiginde júrgen diyxanlardıń tiyisli tabısın bermeytuǵınlıǵı tuwralı Omar shayır da «Gunayım» atlı qosıǵın dóretken edi.[1] Bunda ol Orazdıń aytqan wáde, ıqrarına inanıp, bir neshe ay jallanıp jumıs islep, aqırında etken miynetiniń xaqısın ala almay, pánt jep, gúyzengenligin, hátteki onıń azap-aqıret kórgenligin bayanlaǵan:

«Haqımdı bermediń, kúydirdiń Oraz,

---

[1] Jarimbetov K. Qaraqalpaq  klassikalıq poeziyasında gazell janrı tuwralı. // «Xabarshı» jurnalı, №3, 1996

Tuwesilmes barma meniń gúnayım,

Berseńde boladı pulımdı azmaz,

Nálet Oraz, barma meniń gúnayım» dep nalınadı shayır. Omar menen Annaquldıń Orazǵa bergen minezlemesi ol kisi tuwralı kóp nárseler biletuǵın adamlardı jazǵızǵan maǵlıwmatalr menen sáykes keledi. Máselen, Orazdıń qartayıńqırap, kózden qalıp, hámelden ayrılıp, biraq balalarınıń hámelleri hám óziniń baylıǵı arqasında ele de tuǵırdan túspey, abıroy ataqqa iye bolıp, shalqıp júrgen gezleriniń birinde onnan pana izlep, súygen qızı menen qashıp kelgen alıslaw aǵayin jigittiń yarınıń kelbetin, tula boyın, bóksesine túsetuǵın buramların sıpatlap, sulıwlıǵın ańlap, «Bul nashar bizge jarasadı eken», dep jigitti at aldına saldırıp, quwdırtırıp jiberedi de al onıń súyiklisin ózine toǵızınshı hayal etip alǵan.

Omardıń da, Annaquldıń da Orazǵa bergen minezlemeleri xalıq awzınan jazıp alınǵan maǵlıwmatlarǵa sáykes. Demek, Annaqul Orazdıń islegen is-háreketleri tuwralı qosıq shıǵarǵanda qaharmanına nadurıs minezleme bermey, tek haqıyqatlıqtı súwretlegen. qosıq waqtında xalıq arasına keń taralǵan hám kópshiliktiń birinen-biri kóshirip yamasa yadlap alıp, jiyi aytatuǵın shıǵarmasına aylanǵan. óytkeni, bul qosıqtıń xalıqqa etken tásiri hám áhmiyeti ol gezleri oǵada kúshli bolǵan. Onıń sebebi, birinshiden, xalıq awzında «Ógizlikke Oraz zor» atalıp ketken Orazdıń jeksurın xalıqqa jat qılıqları, minez-qulıq, twsinik, maqsetleri is júzinde bolǵan dál mısallar menen bul qosıqta áshkaralanǵan bolsa, ekinshiden, oǵan sır minez emes adamlardıń onnan endi saqlanıp, ne barınsha kózine túspey, qashıńqırap, ózin bále-máterden aman saqlap júriwine múmkinshilik tuwdırǵan edi hám ol kisiniń óz qáteliklerin, qatallıqların, miyrimsizligin, ádalatsızlıqların, túsinip táwbege keliwine qanday da bir dáreje sebep boladı. Usı sebepleri menen bul qosıq xalqımız arasına keń taraldı hám biziń dáwirimizge jetti.[1]

[1] A.Karimov, A. Kojıkbaev. Xalıq shayırları. Toplam. N., 1983,75-76 bb

Oraz, Áwez, Arzımbet, Amanbay tárizli hámeldarlardıń kúndelikli turmısta xalıqqa kúrsetken jábiriw-japalrı shayırdıń tek «Qazıwda», «Oraz aldı» qosıqlarında ǵana emes, basqa da bir qansha shıǵarmalarında sóz etilgen. Máselen, «Saylanǵan aqsaqalǵa» dóretpesinde Eset gereń degenniń balasınıń aqsaqallıqqa saylanıp alınǵannan keyin óziniń bilimsiz, aqılı kelte, aqmaq bolıwına qaramastan, hámelden paydalanıp qaramaǵındaǵı xalıqtı qoyday shuwlatıp ezgenligin, zulımlıǵın ótkergenligin shayır ashıq aytqan hám

«Abıray aqsaqal bolǵanın

Bolıs bolsań kisi jereń» - dep onıń ishki dúnyasın pıǵalın áshkárá etken. Gáp etilip otırǵan aqsaqaldıń minez-qulqınıń niyetiniń, oy-órisiniń, ulıwma ishki sırınıń usı eki qatarda dál bergenligi sonshelli hátteki olar xalıq awzında jiyi aytılatuǵın maqalǵa aylanıp ketken. Joqarıda keltirilgen mısallarımızǵa qaraǵanda xalıq arasındaǵı biraz hámelli adamlardıń hádden tıs jawızlıǵın áshkaralawǵa shayırdıń kóp kóńil bólgenligi kórinip tur. Annaquldıń «Qazıwda» atlı shıǵarmasında Áwez, Arzımbet, Amanbaydıń, «Oraz aldı» qosıǵında Orazdıń, «Saylanǵan aqsaqalǵa» dóretpesinde aqsaqallıq lawazımına kóterilgen Eset gereńniń balasınıń miynetkesh xalıqqa kórsetken qısıwmetleriniń, zulımdıqlarınıń, is-háreketleriniń ótkir túrde áshkara etiliwinen patsha húkimetinen hámel alǵan hámeldarlardı birazınıń xalıq tágdirine janı ashımaytuǵın miyrimsiz, jawız bolǵanlıǵın uǵamız.

Shayır tek hámeldarlardıń zulımlıǵın áshkaralap ǵana qoymastan kóplegen baylardıńda olardan qalıspaytuǵın zulımlıqları jerine jetkere áshkara etken. Máselen, onıń «bizge jaqtı dúnya qashan keledi» - dep atalǵan qosıǵındaǵı

«Bay zalımlar bizdi hayran etedi
Barlıq maqsetine olar jetedi.
Baydıń qol astında ezilip turmız
Bizge jaqtı dúnya qashan keledi»

Degen qatarlarda jarlı paqırlardıń belgili bóleginiń ashkózligi, zulımlıǵı menen kózge túsken bir qatar baylardıń xızmetlerinde júrip jábir kórgenlikleri, ezilip kún keshirgenlikleri sóz etilgen bolsa:

«Xızmet etip turmız bizler esikte
Qıymıldaǵan ballar qalmas besikte
Xan zulımın sonday qattı ótkerse
Kempir-shalda qalmas jatqan tósekte
Bul zamannıń jábiri bizge ótip tur
Bay, patshanıń házir baxtı júrip tur
Bay balası shalqıp dáwran súrip tur

Bizge jaqtı dúnya qashan keledi» - degen shuwmaqlarda jer, suw, toǵaylardıń hámmesi derlik xan xojalıǵınıń, baylardıń qolında bolǵanlıqtan barlıq qara miynetti tek jarlı islep, biraq sol miynettiń nátiyjesinen óngen tabıstıń basım bólegin «jer iyesimen», «suw iyesimen» - dep kókiregine urıp júrgen ayrım baylardıń iyeleytuǵınlıǵı óytkeni olardı da hámeldarlardı sıyaqlı, patshalardıń, xanlardıń hám solar júrgizip otırǵan zań, siyasatlardıń qollap-quwatlaytuǵınlıǵı aytılǵan.

«Ash bala toq bala menen oynamaydı

Toq bala hesh nárseni oylamaydı» - dep danalıq penen xalqımız aytqanınday-aq, miynetkesh jarlılardıń balaların isherine as, jerine nan uwayım bolıp qara miynetten boyın tikley almay júrgeninde «Bay balası shalqıp dáwran súrip júr» - dep Annaquldıń kópshilik bay balalarınıń qayǵı-uwayımsız, al ayrımlarınıń oyına kelgenin islep shalqıp dáwran súrip júrgenin kórkem súwretlep kórsetken.

Shayır ayırım insapsız, ashkóz, nápsiqáw, eki júzli baylardı miynetkesh xalıqtıń dushpanı sıpatında qaraǵan, miynetkesh xalıqtıń kún kórisiniń hádden tıs tómen bolıwına olardı birden-bir sebepshi dep esaplaǵan, sonlvıqtan da onday bay

zalımlardan qurıtılıp, hámme teńdey toq jasaytuǵın, birewdi birew ezbeytuǵın zamannıń bolıwın árman etken. Shayırdıń bul ármanı usı qosıqtıń:

«Bay-zalımdı qurtsa deymen tilegim,
Kúshli bolar edi sonda bilegim.
Qaytpas edi sonda kúshsiz júregim,
Bizge qol qosatuǵın doslar kerekti» - degen qatarlarda táriyplengen. Álbette, qora-qora malları úyir-úyir jılqıları, pada-pada qara malları yamasa tanap-tanap egis jerleri bar baylardıń neshe-neshe jılqımanlar, sıyır baǵatuǵın padashılar, shopanlar, jallanbı diyxanlar jumsaytuǵınlıqları turmısta bolıp kelgen nárse, sebebi xızmetkerlersiz olar onday «esapsız» dúnya-mallarına iyelik ete almaydı. Endi sonsha jallanshılardı jumsaǵan, sonsha baylıqqa iye bolǵan geybir adamnıń menmen, zalım, hátteki ashkóz bolatuǵınlıǵı da haqıyqatlıq. «Adamnıń kózi bir qısım topıraqqa toladı» degen xalıq maqalı da turmıstaǵı usınday xaqıyqatlıqqa baylanısıl payda bolǵan bolıwı itimal. Qaraqalpaq xalıq ertekleri arasındaǵı tórt tulik esapsız malǵa iye bolsa da barǵa qanaatı joq, ashkózlikten atı ańızǵa aylanǵan Qarun baydı sóz etetuǵın ertek te tosınnan dóremey geypara baylardıń ashkózligin áshkaralaw ushın xalıq qiyalınan shıǵarılǵan ertek. Annaqul hámme baylardı teńdey ashkóz, sıqmar, óz xızmetshilerine qatal, jawız bola bermeytuǵınlıǵın, olardıń arasında jaqsılardıń da, xızmetkerlerine ádil kóz-qarasta bolatuǵınlardıń da bar ekenligin jaqsı túsingen. Al endi, «Bizge jaqtı dúnya qashan keledi» degen qosıǵında:

«Bay zalımlar bizdi hayran etedi,
Barlıq maqsetine olar jetedi…
Bay-zalımdı qurtsa deymen tilegim,
Kúshli bolar edi sonda bilegim.
Baydıń qol astında ezilip turmız,
Qıyın bolda bizge turmıs keshiris…» - degende ol óz jalshılarına jábirin ótkergen eki józli, qatal minez-qulıqlı, zulım, atı-jóni belgili baylardı názerde

tutqan. óz xızmetkerlerine qatal qatnasta bolǵan, olardıń tiyisli miynet haqın bermey azap kórsetken ayırım baylardı shayır óz kózi menen kórgen, kórmegenleri bolsa ondaylar tuwraolı kórgen, bilgenlerden derekli maǵlıwmatlar esitken. Sonlaqtan da ol onday baylardıń jaman is-háreketlerin, minez-qulıqların, pıǵalların xalıq aldında áshkaralawdı óziniń ádiwli wazıypam dep túsingen hám usınday baylardıń xızmetkerlerine kórsetken jábirin áshkaralaw arqalı miynetkesh jarlılardıń awır kún aóris turmıs ahxalı táriplegen, qosıqtıń da kúshi usında bolıp tur.[1]

Annaqul ómirinshe hadal miynetinen kún kórgen adam. Ol bárha ádalatlıqtıń, durıslıqtıń tárepdarı bolǵan, kisi aldawshılardı, haramnan mal-dunya jıynawshılardı jek kórgen. Sonıń ushın da ol aytqan sózlerine islegen isleri qayshı keletuǵın, din kórsetpelerin tek bayıw, xalıqtan kerekli bir nárse alıw ushın, yaǵnıy din qaǵıydaları, óziniń jeke mápi ushın paydalanatuǵın ayırım mollalardı da áshkara etken. Bul aytqanımızǵa onı «Maymolla» atlı qosıǵındı keltirilgen maǵlıúmatlar dáliyil bola aladı. Bunda shayır aqılsız, aqmaq bolıwına qaramastian baymollanıń kuta takabbır, ashıwshaq, ótirikshi, din qaǵıydaların buzıwshı, kópshilikti aldawshı hurmet eknligin sıpatlaǵan hám «dúmshe molla el buzar» dep danalıq penen xalqımız aytqanınday-aq, bul dúmshe mollanıń din jóninen aytqan sózleriniń haqıyqatlıǵına isenbewge el-xalıqtı shaqırǵan. Bunı biz qosıqtıń:

«Maymollanıń ózi kúlki,
Adamlarǵa bolmas úlgi.
Bul kisi hámmege belgili,
Awıldaǵı maymollanıń.
Mollalıq degen zatıdur
Qiyametten súzler aytur.
Móhminler úmit etpeńler,
Molladan úmit kútpeńler.

[1] Jarimbetov K. Qaraqalpaq klassikalıq poeziyasında gazell janrı tuwralı. // «Xabarshı» jurnalı, №3, 1996

Qurı jábirin shekpeńler,

Táriypi sol maymollanıń» - degen qatarlarınan da bayqaymız. Keltirilgen mısaldan kórip otırqanımızday-aq, bul qosıǵıenda shayır óz awılınıń mollasınıń «molla» degen ataqqa iye bolıp jórgeni bolmasa adamlarǵa jaqsı tárepleri menen ólgi bolmay, tek jaman, jerkenishli tárepleri menen ǵana ólgi bolıp jórgenligin ashıq aytqan hám bunday din qaǵıydaların buzıwshılardıń tásirine berilmewge kópshilikke násiyhat etken.

Sonı da aytıwımız kerek, óz jekke mápi, nápisi ushın din qaǵıydaların buzıp, musılmanshılıqqı shek keltirgen ayırım ulamalardıń jaman, jerkenishli is-háreketleri tek Annaqul shıǵarmalarında emes, XIX ásirde jasaǵan qaraqalpaq shayırlarınıń birazınıń ádebiy dóretpelerinde sınǵa ushırap áshkara etilgen. Máselen, Berdaq shayır óziniń «Teris qaytqan» atlı qosıǵında:

«Molla Mámbet suwpı boldı,
Qıya taslap jáne joldı.
Birew emes ekew boldı,
Jası jetpey teris qaytqan.
Suwpılıqtan tawıp jaza,
Kóp namazın etti qaza.
Birneshsheler jedi ıza,
Jası jetpey teris qaytqan» - dep Mámbet mollanıń pıǵalınıń buzılǵanlıǵın betine basıp áshkaralasa, Ótesh «Nuratdin» degen shıǵarmasında:

«Awılımızda dıń molla,
Aytatuǵını bárhá olla.
Jalǵan aytıp neshshe dola,
Dań mollamız Nuratdiyin.
Ótirik ǵana oqıp quran,
Hárkimge ayttırıp iyman.
Úyine almaydı miyman,

Dań mollamız Nuratdiyin.

Adamǵa jarıspas oyım,

Tomarday gújireygen moyın.

Kún ara alar bir qoydı,

Dań mollamız Nuratdiyin.

Sobırayǵan sopaq boyı bar,

Oylaǵan buzıq oyı bar.

Úsh júz otız bes qoyı bar,

Sonda da ash Nuratdiyin» - dep Nuratdiyin mollanıń dúnyaparazlıǵın, ashkózligin jerine jetkere áshkaralap, onıń dúnya ushın «molla» degen húrmetli ataqqa daq túsirip, din kórsetpelerin bile tura, buzǵanlıǵın bayanlaǵan.

Al, Omar bolsa, «Bekpan» dep atalǵan dóretpesinde

«Molla Bekpan malıńız kóp,

Kelip edik dayımız dep,

Qoyshınıń haqların dep,

Túkseyeseń dayı Bekpan» - dep Bekpan atlı mollanıń óz qaramaǵındaǵı ǵáriyp qoyshılarına «Taban et, mańlay teri» menen tapqan tiyisli haqıların bermey zar jılatıp, dindegi «kisi haqısına qıyanet etpew kerek» degen kórsetpeni buzıp, natuwrı jolǵa túskenligin táriyplegen.[1]

Joqarıda atları atalǵan shayırlarımız, solardıń qatarında Annaqulda, din qaǵıydaların haq júrekleri menen buljıtpay orınlap júrgen adamlar menen jaqın qarım-qatnasta bolǵan ayırımları, (mısalı Berdaq) suwpı bolıp iyshanlarǵa qol bergen dinshil adamlar. Sonlıqtanda bular, keltirilgen mısallarımızdan kórinip turǵanınday-aq, hesh waqıtta da ulıwma dindi yamasa ulıwma ulama atawlısın jamanlaǵan emes, al tek din iyeleri bola tura onı ózleriniń jekke mápine paydalanıwshı atı jóni belgili ayırım ulamadardıń xalıqqa jat is-háreketlerin,

[1] A.Karimov, A. Kojıkbaev. Xalıq shayırları. Toplam. N., 1983,78-79 bb

pıǵalların ǵana áshkaralaǵan hám olardıń tuwrı jolǵa qayta túsiwin qálegen. Bunı Berdaqtıń «Teris qaytqan» qosıǵındaǵı

«Molladan hámmege nıtshan,
Siziń pir Qaraqum iyshan,
Jolında túserseń qashan,
Tiykarınan teris qaytqan» - degen shuwmaqta tastıyıqlaydı. Bundaǵı «Jolıńa túserseń qashan» degen qatarda óz nápsi ushın din qaǵıydaların buzǵan molladan, qaytadan tuwrı jolǵa túsip, dindegi kórsetilgen talaplardı hadal niyetlilik penen durıs orınlap júriwine shayırdıń keńesi anıq sáwlelengen. Tap usı sıyaqlı nápsisiniń jetegine erip, din qaǵıydaların buzǵan ayırım ulamalardı qaytadan táwbege kelip qudayǵa hadalıy qulshılıq etip, tuwrı jolǵa násiyat etiw pikirlerdi biz Annaqul shıǵarmalarınan gezlestiremiz.

Solay etip, Annaqul geypara baylardı din qaǵıydaların buzǵan, din kórsetpelerin jeke óziniń bayıwı ushın qural retinde paydalanǵan. Aytqan sózlerin islegen isleri menen dálillemegen ayırım ulamalardıń jaman, xalıqqa jat háreketlerin, qılhaların, ishki pılǵaların kóbinese baylardıń, hámeldarlardıń mápin qorǵaǵan jámiyetlik dúzimdi áshkaralap, miynetkesh xalıqtıń awır kún kóris turmısın dál súwretlep, birapz qunlı shıǵarmalar dóretken hám usı shıǵarmalar arqalı XIX ásirdegi qaraqalpaqlar jasaǵan jámiyetlik dúzimnen, xalıqlıq úmir tariyxınan oqıwshılarına hám keleshek áwladlarǵa bir qansha jaqsı maǵlıwmatlar bere alǵan. Usınıń ózi-aq xalıqtıq muńı, zarı táriplengen Annaquldıń shıǵarmalarınıń oǵada zor ekenliginen hám olardıń qaraqalpaq ádebiyatınan hám tariyxınan belgili orın iyeliginen derek beredi.

# III bap. Qaraqalpaqstan tariyxın oqıtıwda XIX ásir aqırı XX ásir baslarında qaraqalpaq shayırlarınıń shıǵarmalarınıń áhmiyeti.

## 3.1. Tariyx pánin oqitiwda qaraqalpaq shayırlarınıń shıǵarmalarınan paydalanıwdıń áhmiyeti.

Ótmishti úyrenbey turıp keleshekti jaratıwǵa bolmaydı. Sebebi, búginniń qadir-qımbatı, áhmiyeti hám salmaǵı keshegi kún waqıyaları arqalı ǵana tolıq sáwlelenedi. Haqıyqatında da, tariyxtan keleshekke xızmet qılatuǵın ámeliy juwmaqlar shıǵarılmaǵanınsha hesh bir jámiyet ilgerilep rawajlanbaydı. Jámiyettiń alǵa rawajlanıwı ushın óziniń erkin pikirine iye bolǵan, jámiyettiń rawajlanıwı ushın bar bilim hám imkaniyatların iske sala alatuǵın kámil insan tárbiyası tiykarǵı orında turadı. Bunday insanlardı tárbiyalaw óz náwbetinde tariyx sabaqlarında ámelge asırıladı. Oqıtıwshılar tárepinen tariyx sabaqları dawamında tariyxıy bilimlerdi qáiplestiriw processiniń tiykarǵı quramlı bóleklerin tolıq ańlap alıw tálim sisteması aldına turǵan aktual mashqalalardan biri bolıp esaplanadı.

Tariyx pániniń aldına qoyılǵan tálim-tárbiyalıq wazıypalardı ámelge asırıwdıń eń áhmiyetli shártlerinen biri hár bir klassta oqıtılatuǵın tariyx pániniń tutqan ornı, onıń tálim-tárbiyalıq wazıypaları, hár bir bólim hám bólimdegi temalar, hátteki hár bir sabaqta ótiletuǵın temanıń da wazıypaları aldınnan belgilenip alınǵannan soń ǵana oqıtıwǵa kirisiw maqsetke muwapıq boladı. [1]

Oqıwshılardı jańa oqıw materialın úyreniwge tayarlaw – sabaq waqtında hám sabaqtan soń úyge berilgen tapsırmalardı orınlaw waqtında olardıń dıqqat itibarın hám bilim alıwdaǵı aktivliligin iske salıwdan, oqıwshılardıń úyreniwi kerek bolǵan tapsırmanı orınlaw waqtında olardıń dıqqat-itibarın hám bilim alıwdaǵı aktivliligin iske salıwdan, oqıwshılardıń úyreniwi kerek bolǵan máselelerge qızıqtırıwdan, olardıń aldına orınlay alatuǵın oqıw tapsırmaların

[1] Sádiev A. O’zbekiston xalqlari tarixini o’qitish. T.”O’qituvchi”. 1993

qoyıwdan ibarat. Jańa materialdı úyreniwde oqıwshılardı úyge berilgen tapsırmanı orınlaw arqalı da tayarlaw múmkin.

Oqıtıwshı jańa materialdı úyretiwge kiriser eken, onı ótken materiallar menen baylanıstıradı, oqıwshılardıń jańa maǵlıwmatlarǵa salıstırıp kóriwi hám sol jol menen ulıwma juwmaqlar shıǵarıwı ushın zárúr bolǵan bar bilimlerin iske saladı.

Ulıwma orta bilim beriw mekteleriniń 8-klasslarında ótiletuǵın «Qaraqalpaqstan tariyxı» sabaqlıǵında hár bir temaǵa tiyisli bir neshe sorawlar berilgen, bul sorawlar oqıwshılardıń jańa material mazmunın jaqsıraq ózlestiriwi ushın kerekli eski materialdı túsiriwi ushın járdem beredi hám de olardı aldın úyrenilgen dáliyller menen endi úyreniletuǵın dáliyller arasındaǵı baylanıslardı bilip alıwǵa, keyin bolsa olardı bir-birine salıstırıwǵa hám ulıwmalastırıwǵa baǵdarlaydı.

Oqıwshılardı jańa bilimlerin aktivlestiriwge tayarlawdıń nátiyjeli quralı jańa materialdı úyretiwden aldın olardıń aldına oqıw-biliw wazıypaların qoyıwdan ibarat. Metodikalıq ádebiyatlarda bul wazıypalar jiyi logikalıq tapsırmalar dep ataladı, sebebi olar tariyxıy material ústinde logikalıq is alıp barıw jolı menen orınlanadı. Oqıwshılarǵa berilgen oqıw-biliw wazıypaları ishine: úyreniletuǵın hádiyseniń sebeplerin hám áhmiyetin anıqlaw, tariyxıy waqıyalardıń ulıwma ózgeshelikleri hám parıqların kórsetiw, waqıyanıń rawajlanıwındaǵı tiykarǵı basqıshların belgilew, waqıyaǵa yaki tariyxıy shaxs haqqında óz pikirlerin bayan etiwi hám basqalar kiredi. Bir neshe jaǵdaylarda oqıw-biliw wazıypası úyreniletuǵın materialdıń rejesin dúziw, materialdaǵa tiykarǵı pikirlerdi bayan etiw, shıǵarılgan juwmaqlardı tiykarlap beriw hám basqalardan ibarat boladı.

Oqıwshılardıń oqıw-biliw wazıypaların orınlawı olardıń jańa materialdı ózlestiriwi ushın zárúr bolǵan aldınǵı bilimlerin aktivlestiredi, oqıtıwshı bunday wazıypalardı aldın ótilgen materialdı oqıwshılardan sorap shıǵıw waqtında

beriletuǵın tapsırmalar aldıńǵı ótilgen material menen tema boyınsha baylanıslı bolǵan jańa materialdı analizlew hám ulıwmalastırıwǵa baǵdarlaydı. Máselen, Ruwxıy mádeniyat tuwralı materialdı oqıwshılardan sorap shıǵıw processinde «Qaraqalpaq ádebiyatı» páni menen baylanıstırıp, sol dáwirdegi qaraqalpaq xalıq shayırlarınıń ómiri, dóretiwshiligi hám shıǵarmaları menen de baylanıstırıp ótiwi kerek.[1]

Jańa materialdı úyreniwden aldın sabaqta mashqalalı jaǵday jaratıwǵa bir mısal keltirip ótemiz. Oqıtıwshı 8-klassta «Ruwxıy mádeniyat» (Qaraqalpaqsatn tariyxı 8-klass, N., 2014, 100-bet) degen temanı baslaǵanda, oqıwshılardıń aldına XIX ásirde Ámiwdárya boylarında hám Aral jaǵalarında jasaǵan qaraqalpaqlardıń ruwxıy turmısıqanday bolgan degen mashqalanı qoyadı hám olardıń itibarın bul máseledegi anıq kórinip turǵan waqıyalarǵa qaratadı.

Hár bir oqıtıwshı sabaq processinde ótiletuǵın hár bir taza temaǵa qosımsha materiallardan paydalanaıwǵa háreket etiwi zárúr boladı. Qaraqalpaqstan tariyxı (8-klass ushın) páninde Ruwxıy mádeniyat degen temada «Qaraqalpaq ádebiyatınıń wákilleri» degen bóliminde qaraqalpaq xalıq shayırları, olardıń ómiri hám shıǵarmaları haqqında qısqasha bayan etilgen. Sonıń ushın biz bul maqalamızda Qaraqalpaqstan tariyxı sabaqlıǵında járiyalanbaǵan qosımsha materiallardı beriwge háreket etemiz.

Ótesh Alshınbay ulı – XVIII ásirdegi klassik shayır Jiyen jırawdıń shawlıǵı hám XIX ásirde ómir súrgen shayırlar Kúnxoja, Ájiniyaz, Berdaq penen zamanlas. Óteshtiń dóretpelerindegi tiykarǵı baǵdar óz dáwiriniń aldıńǵı ideyaları, shınlıq turmısı, shıǵarmalarında ápiwayılıq, anıqlıq, obrazlardıń túsinikliligınen ibarat. Ótesh óziniń shıǵarmaları arqalı ózi jasaǵan dáwirdiń tariyxın ayqın sáwlelendirdi,

[1] Qaraqalpaqstan tariyxı. (8-klass) M.Tleumuratov, J.Berdiev, Z.Tleumuratova. N., 2014

Qabaqlı ata qoyımshılıǵında Jiyen jırawdıń aqlıǵı bolǵan Ótesh shayır qábiri jaylasqan. Ol Aral jaǵalarında 1828-jılı tuwılıp 1902-jılı qaytıs bolǵan. Sol jerdegi meshitte oqıp musılmansha bilimge iye bolǵan. Ol Berdaq shayırdıń zamanlası, dostı hám onıń menen dayılı jiyenlik qatnasıqlarǵa iye bolıp qaraqalpaq xalqınıń tariyxı hám poeziyası boyınsha tereń bilimge iye bolǵan. Onıń shıǵarmaları, ásirese Kók ózek boyına baǵıshlanǵan shıǵarması, Berdaq baqsı menen aytısı hám basqada shıǵarmaları el arasında keń tarqalǵan. Bul shıǵarmalar 1930-1940-jılları ádebiy ekspediciya aǵzaları, ásirese Shamshet Xojaniyazov hám Sadirbay Máwlenov tárepinen jazıp alınǵan. Ótesh shayırdıń shıǵarmalarında qaraqalpaq xalqınıń ótkendegi tariyxı, onıń noǵaylar menen baylanısı, qaraqalpaq batırları, tuwǵan jerdiń (Kók ózek boyı) kelbeti tuwralı hám basqada maǵlıwmatlar keń sáwlelengen. Onıń shıǵarmaları birneshe ret baspadan shıǵarılıp óz aldına kitap bolıp basıp shıǵarılǵan. Ótesh shayırdıń shıǵarmaların óz aldına kitap etip shıǵarǵan ádebiyatshılardan Artıq Karimovtıń islegen xızmetlerin aytıp ótiw orınlı. Ol Ótesh shayır tuwralı arnawlı izertlew júrgizdi. Onnan keyin Ótesh shayır shıǵarmaları boyınsha filologiya ilimleri kandidatlıq dissertaciya jaqlaǵan ilimpaz házir Kenjebay Ubaydullaev atındaǵı pedagog kadrların qayta tayarlaw hám qanigeligin arttırıw institutınıń til hám ádebiyat kafedrasınıń baslıǵı Matekeevtıń jumısların atap ótse boladı.[1]

Ótesh shayır Kók ózek boyında, Aral teńizi jaǵalarında jasap, Berdaq shayır menen doslıq hám aǵayınshilik qatnasıqlarǵa iye bolǵan. 1990-jılı Qaraqalpaqstan jámiyetshiligi ilimpazlar Qabaqlı ata qoyımshılıǵında oǵan estelik tas qoyıldı. Onda Ibrayım Yusupov, Jaqsılıq Palwanov, kompozitor Muxammeddinov hám basqada intelligenciya wákilleri qatnastı.

[1] Tleumuratov M. Qaraqalpaq poeziyası – tariyxıy derek. N., 1995, 128-129 bb.

Ótesh shayır shıǵarmalarında ózi jasaǵan zaman ásirese Aral teńizi jaǵalarındaǵı jasaǵan xalıqlardıń kún kórisi tuwralı maǵlıwmatlar berilgen. Sonıń ishinde onıń Berdaq shayır menen aytısında júdá kóplegen tariyxıy derekler bar. Solardıń arasında Qara Satban hám Qosnazar batırlar haqqında sol dáwirdegi el basqarıwshıları tuwralı maǵlıwmatları úlken áhmiyetke iye. Solardıń arasında Aydos, Mırjıq, Begis, Turım biy tuwralı bergen maǵlıwmatları tariyxımızdı úyreniwde úlken áhmiyetke iye.

Ótesh shayır Berdaq shayır tuwısqanlıq qatnasıqlarda bolǵan. Berdaqtıń anası xalıq arasındaǵı awızsha maǵlıwmatlar boyınsha Ótesh shayırdıń tuwısqanı bolǵan. Bul degeni olar dayılı jiyenlik qatnasıqlarda bolıp, dástúr boyınsha olar bir-biri menen házil dálkek qatnasıqlarda bolıp, geypara sózlerde házillik penen aytqan. Ótesh shayır Berdaq penen shın dos bolıp Berdaq ólgende júdá qayǵıdan oǵan arnap arnawlı qosıq jazǵanlıǵı belgili.

Ótesh shayır shıǵarmalarında XIX ásirdiń ekinshi yarımındaǵı xalıq turmısı boyınsha tariyxıy derekler beredi. Onıń jazǵan Múyten degen shıǵarmasında Aral teńizi shıǵarmalarında jasaǵan qaraqalpaqlardıń Múyten urıwınıń balıqshılıq penen shuǵıllanǵanlıǵın kórsetip qaraqalpaqlardıń úrp-ádetleri boyınsha oyın-dálkek sıpatında bir qansha sózlerdi aytqan. Keyninen Ótesh shayırǵa arnap múyten elatın maqtap qosıq shıǵarǵan. Bul qosıq qatarları xalıq arasında tarqasıp olar Ótesh penen Berdaq aytısı sıpatında baspadan shıqkan.

Ótesh shayır awızsha derekler boyınsha Berdaq penen hám zamanlas qatar qurbı hám qurdos bolǵan. Aralarında tek ǵana eki jas bolıp ekewi de dos bolıp birge ósken. Ótesh shayır óziniń jazǵan qosıqlarında sol dáwirdegi xalıqtıń social-ekonomikalıq jaǵdayları, ásirese Aral teńizi hám Aral teńizine quyıp turǵan Kók ózek, Esim ózek, Terbenbeste jasaǵan qáwim hám xalıqlardıń jaqsı turmıs keshirip balıqshılıq penen, sharwashılıq penen, diyqanshılıq penen shuǵıllanatuǵınlıǵın,

olardıń joqarı ruwxıy mádeniyatın sonıń menen birge suwsızlıq jağdayların kórsetip ótedi.

Annaqul Mámbetxoja ulı 1841-jılı Shımbay uezdiniń Qaraózek bolıslığında, Kók ózek boyında diyxan shańarağında dúnyağa keldi. Ol balalığınan Kók ózek, Kók, Bardam degen jerlerde ótkerdi. Awıllıq mektepte oqıp, sawat ashtı. Biraq jarlılıqtıń sebebinen qúdireti jetip, Xiywa, Buxara ya Bağdad, Stambul medreselerine barıp oqıy almaydı. Biraq, onıń qosıqtı jazıp dóretkendey sawatı boldı.

Shayırdıń tuwılğan jeri, ósken tárbiyalağan mákanı, awılı, eli-xalqı haqqında «bekpan shağlıda», «Kók ózek boyı», «Kók ózek», «Barmeken», «Qızlar», «Ósken jerim» atlı qosıqları bar. Olarda

Anamızdan tuwıp kemalğa kelgen,
Tańlanıp jaqsı hám jamandı kórgen.
Azǵana ómirde dáwranlar súrgen,
Kózime ıp-ısıq Kók ózek boyı.[1]

Annaqul shayırdıń ómirine hám dóretióshiligine baylanıslı mağlıwmatlar 1930-jıllardan baslap qaraqalpaqlar ishine shólkemlestirilgen ekspediciyalar dáwirinde baslandı. 1930-jıllarda Annaqul shayırdıń dóretiwshiligi boyınsha kóp mağlıwmatlar jıynaldı. Olardıń barlığı Ózbekstan Ilimler Akademiyası qaraqalpaq bóliminiń N. Dáwqaraev atındağı fundamental kitapxanasındağı qol jazba fondında saqlanadı. Annaqul shayırdıń ákesi, anası, tuwǵan-tuwısqanları, ağayinleri de sawatlı adamlar bolǵan. Ásirese onıń Mırzağul degen bir balası da shayır bolǵan. Annaqul jas jigit waqıtlarında júda kóp qosıqlar jazǵan. Biraq onıń jazǵan qosıqlparı sol jıllardağı mádeniy miyrasqa arnawlı bolǵan repressiya jılları arab háribi menen jazılǵanlıqtan joq etilgen.

[1] Tleumuratov M. Qaraqalpaq poeziyası – tariyxıy derek. N., 1995, 128-129 bb.

Ol dáwirde ulıwma kóp mádeniy miyraslar joq bolǵan. Annaquldıń kóp qosıqları 1934-jıldan baslap «Qaraqalpaq ádebiyatı hám iskusstvosı» jurnalında tınbay járiyalanıp turdı. 1940-jılı «Qaraqalpaq xalıq tvorchestvosı» degen kitapta óz dáwirindegi jıynalǵan shıǵarmalarınıń kóbi basılıp shıqtı.

Elden jazıp alǵan maǵlıwmatlarda Annaqul jas jigit waqıtlarında kóp ellerdi, kóp xalıqlardı aralap kórgen. Máselen Gúrlen, Shabbaz, Charjau, Qızıl Orda, Qazalı jaqlarda bolǵanlıǵı haqqında maǵlıwmatlar bar. Sońǵı maǵlıwmatlarda ol jaqlarǵa talap izlep barǵan deydi. Oǵan qosılıwǵa bolmaydı. Sebebi sol jıllarda talap izlep emes, ellerdiń sociallıq jaǵdayları menen tanısıw ushın barǵan bolıwı itimal.

1946-jılı N. Dáwqaraevtıń kandidatlıq dissertaciyasında Annaqul shayırdıń dóretiwshiligi jaqsı tilge alınadı. Shayır dóretpesinde insan erkinligi, ekspluatatorlıq zulımlar qattı áshkara etiledi. Máselen, «Esbergen», «Qazıwda» «Saylanǵan aqsaqalǵa» degen shıǵarmaları X1X ásirdegi klassik shıǵarmalardan bolıp tabıladı.

Mine biz joqarıda qaraqalpaq xalqı poeziyası júdá úlken hám bay, ol qaraqalpaq xalqınıń tariyxıy hám ruwxıy turmısın uyreniwde tawsılmaytuǵın derek bolıp xızmet etetuǵının kórip turmız. Biz házirgi kúnlerdegi sheshimin taba almay júrgen, turmısımızda kesent bolıp júrgen geypara máselelerdi sheshiwde ótmishke qaraymız. Ótkendegi ata-babalar qalay jasadı, qalay miynet etti. Óz elin, óz jurtın qanday etip saqladı, jerdi qalay ekti, jaydı qalay saldı, adamlar menen múnásebeti qalay boldı. Qanday etip qıyınshılıqlardı jeńip ótti. Mine usınday maǵlıwmatlardı biz tariyx pánin oqıtqanda qosımsha materiallardan paydalanıp, izlenip ótetuǵın bolsaq, oqıwshılardı bilim alıwǵa degen qızıǵıwshılıq jánede artadı, olar da óz betinshe izleniwge talpınadı hám sabaq óz maqsetine jetedi dep oylaymız.

# JUWMAQLAW

Qaraqalpaqstan Respublikası Ilimler Akademiyası tariyx, til hám ádebiyat institutı xızmetkerleri tárepinen shólkemlestirilgen ilimiy ekspediciya qaraqalpaq xalqınıń tariyxı hám mádeniyatı boyınsha bir qansha materiallar toplaydı. Sonıń ishinde qaraqalpaq xalıq shayırı Annaqul Mámbetxoja ulınıń ómiri hám dóretiwshiligi haqqındaǵı maǵlıwmatlar ádewir qızıǵıwshılıqlar tuwdıradı. Ekspediciya barısında Annaqul shayırdıń aqlıqları, onı kórgen hám biletuǵın adamlar menen ushırasıp sóylesip, bul shayır haqqında maǵlıwmatlar alındı.

Annaqul shayır 1841-jılı Shımbay uezdiniń Qaraózek bolıslıǵında Kókózek boyında dúnyaǵa kelip, qaraqalpaqtıń múyten ruwınıń teli tiyresinen bolǵan. Onıń ákesi Mámbetxoja degen adam júdá jarlı bolıp ótken. Mámbetxojanıń Xanzada, Nazlı degen eki qızı hám Annaqul degen bir balası boladı.

Annaqul shayırdıń qızı Biybajardıń hám onıń aqlıǵı Xojaqulov Dánequldıń maǵlıwmatları boyınsha Annaqul shayır 95-jasında 1936 - jılı qaytıs bolǵanlıǵın tastıyıqlaydı.

N.Dáwqaraevtıń miynetlerinde Annaqul shayırdıń dóretiwshiligi jaqsı tilge alınadı. Shayır dóretpesinde insan erkinligi, ekspluatatorlıq zulımlar qattı áshkara etiledi. Máselen, «Esbergen», «Qazıwda» «Saylanǵan aqsaqalǵa» degen shıǵarmaları X1X ásirdegi klassik shıǵarmalardan bolıp tabıladı.

Annaquldan tuwılǵan hám ólgen jılları hár qıylı sáneler menen jazılıp tur. Máselen, onı N. Dáwqaraev «1860-jılı tuwılıp, 1916-jılı óldi» - dep kórsetedi. Jańabay Narımbetov, Qırıqbay Bayniyazov, Qurbanbay Ismaylovlardıń baspaǵa tayarlanıwında 1970-jılları N. Dáwqaraevtıń shıǵarmaları tolıq jıynaǵınan ush tomlıq jarıq kórdi. Usı tolıq jıynaqtıń 3-tomınıń 185-186-betlerinde de Annaqul tuwralı maǵlıwmat berilgen. Biraq, jańılıs ketken be yamasa baspaǵa tayarlawshılr avtordıń ilimiy miynetleriniń bir jerinen taza maǵlıwmat tapqanba, qullası

N.Dáwqaraevtıń shıǵarmalarınıń 3-tomında Annaqul 1860-jılı emes, 1880-jılı tuwılǵan bolıp berilgen.

Al endi Artıq Karimov penen Ádilbay Qojıqbaevlar baspaǵa tayarlap bastırıp shıǵarǵan «Xalıq shayırları» degen toplamda «Qaraqalpaq ádebiyatı tariyxı» atlı joqarı oqıw orınlarına arnalǵan oqıwlıqta Annaqul Mámbetxoja ulı 1841-jılı tuwılıp, 1936-jılı qaytıs bolǵan etip kórsetilgen. Bul atı atalǵan eki kitaptıń ekewiniń de avtorlarınıń («Xalıq shayırları» kitabı 2 – toplam» dep atalǵan menen bundaǵı hár bir shayırdıń ómir bayanı hám ádebiy miyrası jóninde baspaǵa tayarlawshılar tárepinen jazılǵan. Sonlıqtan, baspaǵa tayarlawshılardı usı kitaptıń avtorları dep otırǵanımızdıń mánisi de usında) biri A.Karimov bul kitaplardın birinshisinde ol Á.Qojıqbaev penen birgelikte Annaqul tuwralı materiallar jıynap, ekinshisinde N.Japaqov penen birge shayırdıń ómiri tuwralı maǵlıwmatlar berip, shıǵarmalarına qısqa tallaw jasaǵan. Biraq, usı eki kitaptıń ekewinen de Annaquldıń ómiri tuwralı maǵlıwmatlar hám onıń tekstlerin xalıq arasındaǵı biletuǵın adamlardan jazıp alıwda A.Karimovtıń da ulken miynet etkenligi belgili bolıp tur.

Mine biz joqarıda qaraqalpaq xalqı poeziyası júdá úlken hám bay, ol qaraqalpaq xalqınıń tariyxıy hám ruwxıy turmısın uyreniwde tawsılmaytuǵın derek bolıp xızmet etetuǵının kórip turmız. Biz házirgi kúnlerdegi sheshimin taba almay júrgen, turmısımızda kesent bolıp júrgen geypara máselelerdi sheshiwde ótmishke qaraymız. Ótkendegi ata-babalar qalay jasadı, qalay miynet etti. Óz elin, óz jurtın qanday etip saqladı, jerdi qalay ekti, jaydı qalay saldı, adamlar menen múnásebeti qalay boldı. Qanday etip qıyınshılıqlardı jeńip ótti. Mine usınday maǵlıwmatlardı biz tariyx pánin oqıtqanda qosımsha materiallardan paydalanıp, izlenip ótetuǵın bolsaq, oqıwshılardı bilim alıwǵa degen qızıǵıwshılıq jánede artadı, olar da óz betinshe izleniwge talpınadı hám sabaq óz maqsetine jetedi dep oylaymız.

# PAYDALANILĠAN ÁDEBIYATLAR:


## Ōzbekstan Respublikası Prezidenti miynetleri:

1 Mirziyoev Sh.M. Tanhidiy tahlil, qatiy tartib-intizom va shaxsiy javobgarlik – har bir rahbar faoliyatining kundalik qoidasi bwlishi kerak. T., Ózbekiston, 2017.

2 Mirziyoev Sh.M. «Qonun ustuvorligi va inson manfaatlarini tayminlash – yurt taraqqiyoti va xalq farovonligi garovi» mavzusidagi O’zbekiston Respublikasi Konstituciyasi qabul qilinganining 24 yilligiga baǵishlangan tantanali marosimdagi mayruzasi. – T.: 2017

3 Ó’zbekiston Respublikasi Prezidenti Sh.Mirziyoyevning 2017 yilning 3 avgust kuni ijodkor ziyolilari vakillari bilan bwlgan uchrashuvdagi "Adabiyot va sanyat, madaniyatni rivojlantirish — xalqimiz mánaviy olamini yuksaltirishning mustahkam poydevoridir" nomli mayruzasi.// «Xalq sózi», 2017 yil, 4 avgust.

4 Karimov İ. Tarixiy xotirasiz kelajak yuq. 7-t. T., «Ózbekiston», 1998.

5 Karimov İ.A.. Joqarı mánawiyat – jeńilmes kúsh-T.: Mánaviyat, 2008

## Tiykarǵı ādebiyatlar:

1 Axmedov B.A. Ózbekiston tarixi manbalari.

2 Axmedov B.A. Tarixdan saboqlar. –T., “Óqituvchi”. 1994, 179

3 Jarimbetov K. Qaraqalpaq klassikalıq poeziyasında gazell janrı tuwralı. // «Xabarshı» jurnalı, №3, 1996

4 Jdanko T.A.. Ocherki istoricheskoy etnografiy karakalpakov M. L 1930

5 Dauqaraev N. Xalıq shayırları shıǵarmaları. N., 1970

6 Kamalov S. K. Qaraqalpaqlardıń xalıq bolıp qáliplesiwi hám mámleketshiligi tuwralı

7 Karimov A. Jiyen jırawdıń ómiri hám tvorchestvosı.N.,1963

8 Karimov A., Kojıkbaev A.. Xalıq shayırları. Toplam. N., 1983

9 Ózbekstan ilimler Akademiyası Karakalpakstan bóliminiń kol jazba fondı. R. M 1007.

10 Qaraqalpaqstan tariyxı. (8-klass) M.Tleumuratov, J.Berdiev, Z.Tleumuratova. N., 2014

11 Sádiev A. O'zbekiston xalqlari tarixini o'qitish. T."O'qituvchi". 1993

12 Tlewmuratov M. Qaraqalpaq poeziyası tariyxıy derek. Nókis. Qaraqalpaqstan. 1994

13 Toshpólatov T, Ya. Ġafforov. Tarix óqitish metodikasi. T. "Universitet". 2002

14 Xodiev B., Golish L. Mustaqil wquv faoliyatini tashkil etish uslub va vositalari. –T.: 2006.

**İnternet saytları:**

1 http: // www.google.uz.

2 http: // www.dilib.uz.

3 http: // www.natlib.uz.

4 http: // www.saboq.uz.

**Ózbekstan Respublikası Ilimler Akademiyası Qaraqalpaqstan bólimi fundamental kitapxanasındaǵı qol jazba fondınan Annaqul shayırdıń dóretiwshiligi boyınsha maǵlıwmatlar**






126

6.

Qьzdь kөrseŋ ьrsiьna nəzer qьl,
Kөrjp ʙeјler qadeмjne həzer qьl,
Mәnьŋ parqьn həmmə tegjs tysjn ʙjl,
Ьqtьiarь çeŋgesjnde qьzlardьŋ.

Mәqatlь atlausa ier ʙolar asman,
Өlgenşe zalьмqa ʙjzlerde qastam,
Qosьlsa qьzlarqa on-onʙes qastan,
Şumanь çoq qujt penen qьzlardьŋ.

Şirjnnen şekerdjr aitqan sөzlerj,
Çanьm alar kөrsem ekkj kөzlerj,
Aspandaqь aiden ziat çyzlerj,
Sonьŋdaiьn dәrkarь ʙar qьzlardьŋ.

Şьqtь otь әrdь şujjn ʙasьma,
Qьzlar quanlar kele qoisa qasьma,
Men ьrzь ʙolain kөzde qasьmn,
Jzlerjnde ʙjr kyn çyrseŋ qьzlardьŋ.

Bәnьŋdai ʙolqanda çьlarman kөzjm өzjm,
Apuaiь ketpeidj dalaqa sөzjm,
Çolьnda pidadьr çanьm həm өzjm,
Çanьma kereklj sөzj qьzlardьŋ.

Qьz degen qzьl gyl ʙes kynljk өmjr,
Өmrjnjŋ ʙolqan soŋ ʙolarsaŋ kөmjr,
Basьŋnь nikalap qazь etse həmjr,
Pansiьna çyrelmessen qьzlardьŋ.

5.

QЬZLARDЬŊ.

Annaqәl.

Qьz degen qzьl gyl mirjŋ qanadь,
Kөrseŋ ʙaqьn esjŋ hərne teladь,
Kөrmejennjŋ ʙaqrj ettai çanadь,
Qәsiettljk jsterj ʙar qьzlardьŋ.

Qьzlar oinar ʙes altau ʙop oiьnьn,
Mәьr çənnet etjp kjrseŋ qoiьnьn,
Qәşaqlasaŋ sol qьzlardьŋ moiьnьn,
Çolьnda çyrerseŋ sorlь qьzlardьŋ.

Çyjrma ʙes çasta çyjttjŋ uaqь,
Airьlmastai dəulet ʙasta həm ʙaqь,
Ьreu çaman ьreu çaqsь ondaqь,
Tərjpjnj men aitaiьn qьzlardьŋ,

Qьzdauьrь hamudyria suьndai,
Kөrseŋ ʙөrj sarь altьnьŋ pьndai,
Məheljnde pjser qarьz qauьndai,
Tərjpjnj men aitaiьn qьzlardьŋ.
Qьz degen kөrgende aqьl aladь,
Tlek sonda kөrseŋ qaʙьlь ʙoladь,
Kөrgen adam jsjn ʙərçai qьladь,
Tərjpjnj men aitain qьzlardьŋ.

Oilan endj iazьp qьzlardьŋ sөzjn,
Tərjp etkjl aidan ziada çyzjn,
Qьnlap audьrar çaqsьqa kөzjn,
Tərjpjnj men aitaiьn qьzlardьŋ.

128 6.

Qьzdь kөrseꞑ ьraiьna nəzer qьl,
Kөrjp ʙegler qademjne həzer qьl,
mүnьꞑ parqьn həmme tegjs tysjn ʙjl,
Ьqtьiarь çeꞑgesjnde qьzlardьꞑ.

Mүqatlь atlansa ier ʙolar asman,
Өlgenşe zalьmqa ʙjzlerde qastam,
Qosьlsa qьzlarqa on-onʙes çastan,
Şumanь çoq qyjt penen qьzlardьꞑ.

Şirjnnen şekerdjr aitqan sөzlerj,
Çanьm alar kөrsem ekkj kөzlerj,
Aspandaqь aidan ziat şyzlerj,
Sonьꞑdaiьn dərkarь ʙar qьzlardьꞑ.

Şьqtь otь Ҥrdь şyyjn ʙasьma,
Qьzlar çuanlar kele qoisa qasьma,
Men ьrza ʙolain kөzde çasьma,
Jzlerjnde ʙjr kyn çyrseꞑ qьzlardьꞑ.

Bүnьꞑdai ʙolqanda çьlarman ~~xəxjm~~ өzjm,
Apuaiь ketpeidj dalaqa sөzjm,
Qolьnda pidadьr çanьm həm өzjm,
Çanьma kereklj sөzj qьzlardьꞑ.

Qьz degen qzьl gyl ʙes kynljk өmjr,
Өmrjnjꞑ solqan soꞑ ʙolarsaꞑ kөmjr,
Bасьꞑnь nikalep qazь etse həmjr,
Pansiьna qyrelmessen qьzlardьꞑ.



ANAQUL.

## QЬZLAR.

Sьqьp edim ʙijik qumnьꞑ ʙasьna
Qarap edim ʙaj qarьnьꞑ qasьna
Çaqьnlastь əçiʙektin tusьna
Topar topar ʙolьp kөrindi qьzlar.

Birevi kesdelev ʙirevi kişi
Dolanlap çyredi ʙilekte kysi,
Mьsal qaz uşqandaj atavdьꞑ işi
Topar topar ʙolьp kөrindi qьzlar.

Kimnin kejnine sinlisi ergen
Şatьraş kөjlekti qusaltьp kijgen
Bьrazь okselep erekte çyrgen
Topar topar ʙolьp kөrindi qьzlar.

'Enesin çana tuvqan qulьndaj
~~[illegible]~~
Qьzьl qasьl tyngi çanqan çalьndaj
Toz toz ʙolьp ʙarьmtanьꞑ malьndaj
Kөz çetpes alьsta kөrindi qьzlar

Çer teʙingi aspan ʙolqan ajadaj
Kөkelər çijdaqa ʙalqan aʙadaj.
Өtip ketti ʙu jalqanşь dynjadaj
Sallanьp sajlanqan perijzat qьzlar.

"-"-"-"-"-"-"

Iꞑqlamassaꞑ çanaq çanan,
Jşpesoꞑ tamaq çanan,
Bănnan artьq ne çanan,
Endj çai iaqqa ketemen.

Batarьma kol jm çoq,
Qonarьma çerjm çoq,
Çatlanьp tĕrqan eljm çoq.
Endj çai iaqqa ketemen.

Bălerdan artuq çazьq çoq,
Bala şaqaqa azьq çoq,
Asьlarqa çalqьz çazьq çoq,
Byijrden çaida keteijn.

Bă ijrden maqrjpke ketsem,
Iakj maşrjqqa ketsen,
Çaqьnьna tezden çetsem,
Endj çai iaqqa ketermen.

Aldь artьm tar ailanarqa,
Çi tappainan oilanarqa,
Baiarьn içq sailanarqa,
Bu ierden çaida ketermen.

Maşьrьq maqan ne berer,
Maqrьp maqan ne berer,
Koz çasьmdь ajm korer,
Bui jrden çaida ketermen.

DEMEꞐ BARMA BOLЬSLЬQTAN.
---------------------------

145

AIMAQ
------

I843-ç- I9

Atьqьz ьzjꞑ atalьq,
Bjzden boldьmь qatalьq,
Aşuqa mjndjꞑ çamanlьq,
Bolьslьqtan demeꞑ barma.

-.-.-.-.-

Qolьqa alьp kesektj,
Aittьꞑ bjr tualьl esektj,
Çazьqsьz ărdьꞑ esektj,
Bolьslьqtan demeꞑ barma.

-.-.-.-.-.

Eş js kelmes ьzjꞑ qoldan,
Dərmanьm çoq ketjp haldan,
Ətkermedj$ arьm çoldan,
Bolьslьqtan dəmeꞑ barma.

-.-.-.-.-.-.-

Basьmdь kəpke qostьmьa,
Dăşpan bolьp çol tostьmьa,
Bolьslьqqa talastьmьa,
Băl ne jsjꞑ əvez aqa.



157

T9.

G Y L B A Z AR.

Annaqul.

Gyl-gyl ҫanqan ekj betjդ,
Ҫamalьդdь bjr kөrsetjդ,
Bjzler ЋҫЬn qьzmet etjդ,
Periden ziat Gylвazar.

Kөrgennjդ aqlьnь alqan,
Oi maqsatjnjդ вөrj вolqan,
Kөrgen adam hairan qalqan,
Soilesjp otьr Gylвazar.

Gylвazar qьz gyldei qana,
Aitqan sөzj paldai qana,
Esjtsenjz sөzlerjm ana,
Periden ziat Gylвazar.

Өդjrjnde вaqa tyime,
Kөrgenler jҫjդnen kyime,
Namehrem ҫgjtnj syime,
Perien ziat gdlвazar.

Alla saqan salqan nәzer,
Mollar tөrpjդdj ҫazar,
ҪЋlaq salьp sөzjm tьդla,
Saqan aitaman Gylвazar.

-.-.-.-.-




Аннакул









ایاجنا ذ دیساه وی
دوشما خناد ذنان فور دیساوی
لەژ دیساله من بەر دیساوی
دیسلەری بولسا اقتبه‌ت
دیشایر ویلان باسی سوزوش
سارداردیلانەتن کوزوش
باترلاردینا بار ازار وش
بادما بولار دیا ا قتبه‌ت
باسلار تنیه رحا دا تاسقا
ذقایی توصەرلەر باسقا
کلیب تورمان برازجا سقا
کور رمەوسرا اقتبه‌ت
الشوان کولکەل تولید اتر
سوزوای ذامان بولیب اتر
دار مان نەکه قود لیب اتر
کو رمەوسرا قتبه‌ت
مان ودیر کمکه معمر مانه
تا یلقوان وتیبه افعان
تالس ذ امین کرکه جه کلەن
کو رمەدیر لرا اقتبه‌ت
بو جا ر اتقان وتحه مالال
کەلتر کسمون ذدلجا لەل
دو سما دوسما . بی مالال
بادسماعی ومەوی اقتبه‌ت



وللی برزدان بودرله‌حلادر
افعان وتیب وئداحلادر
ایتقا ندا باعرم جا حلادر
ذا کالەلار بولعای اقتبه‌ت .
قایس لانیب قبلانیبا
شایر بەرومرات ویلانبا
ا یتقا نلک پایدا ذیان با
دیسلەر بیلل بولعای اقتبه‌ت .
کملەر بیلەن کەذلم نەتای
ا رمان ئیلەن جولان نەتەی
باداترد ارت باعرمدن ودتەی
کە یینی بولعای اقتبه‌ت .
قادر ا باعرم جوب دا حلاتیبا
مەن سوردی الله جعلا تیبا
بودل کە لیسبەسی جامان اتیبا
کە ینی بولعای اقتبه‌ت .
تیرو ئی بولدی تا یشم
ونیادی اسلان دا هاوئیش
کوکە جەتەدن تالشم
مانوەی حارینی یعلا تیبا .
ویلانەحل اقتنلک جولنا
اسل دوشما نلک قولنا
قزما ناحت نلک پولنا
قزسەی ئی بولمایدی اقتبه‌ت